

MATERIAL PEDAGÓGICO PARA EL APRENDIZAJE DE CREOLE HAITIANO

GRUPO LATINOAMERICANO DE ESTUDIOS Y ACCIÓN FEMINISTA
GLEFAS

ZOUTI PEDAGOJIK POU APRANN KREYÒL AYISYEN

GWROUP LATINOAMERIKEN ETID, FÒMASYON AK AKSYON FEMINIS
GLEFAS



MATERIAL PEGAGÓGICO PARA EL APRENDIZAJE DE CREOLE HAITIANO

Grupo Latinoamericano de Estudios,
Formacion y Acción Feminista
GLEFAS

ZOUTI PEDAGOJIK POU APRANN KREYÒL AYISYEN

Gwoup Latinoameriken Etid,
Fòmasyon ak Aksyon Feminis
GLEFAS



Repwodiksyon tout liv sa a osnon yon pati epi distribisyon li se gratis, sèl kondisyon yo dwe site sous orijinal la epi pa itilize li pou fè lajan.

Redaksyon: Ochy Curiel Pichardo

Tradiksyon ak preparasyon egzèsis: Manes Prezine Prezine.


Edisyon: Claudia Alavez

Ilustrasyon: Israel Moya

Pou plis enfòmasyon: glegasgc@gmail.com

Repiblik Dominikèn, 2021.





AFRIK (1944)

Jacques Roumain (Ayiti)

Mwen te sove / gade memwa ou Lafrik

Ou nan mwen

tankou yon ekla nan blesi

tankou yon fetich titelè nan mitan vilaj

Fè m tounen wòch ki nan fistibal ou

Nan bouch mwen lè yo nan blesi ou

soti nan jenou mwen kolòn yo kase

nan imilyasyon ou

Men kanmenm

Mwen pa vle plis pase ras ou

travayè peyizan nan tout peyi ...

Ouvriye blan Detwa pewon nwa travayè Alabama

vil inonbrab nan galè/kokri kapitalis

destine nou mete n kanpe zepòl ak zepòl

ak refize vye madichon an

nan tabou yo nan san an

nou mache sou dekonb solitid nou

Si, si a se fwontyè

nou pral kraze machwè vòlkan yo

ki ranfòse chenn montay yo

ak plenn nan ki pral gaye/pwopaje maten byen bonè

kote pou rasanble fòs demanbre nou yo

pa riz mèt nou yo

Kòm kontradiksyon nan karakteristik yo

sa rezoud nan amoni nan figi l

nou pwoklame inite soufrans lan

epi nan rebelyon

nan tout pèp yo sou tout sifas latè

ak mete fwa nou ansanm nan tan fratènel

nan pousyè zidòl yo

CHAPANT

SEKSYON I: EGZÈSIS

ENTWODIKSYON	9
PREZANTASYON	10
Fich prezantasyon	10
Egzèsis prezantasyon an Kreyòl	10
ALFABÈ	11
PWONON PÈSONÈL	12
Egzèsis: Souline pwonon pèsonèl ki nan chak fraz sa yo	12
Egzèsis avèk mo koutwazi	12
Egzèsis: devinèt	13
VÈB YO	13
Egzèsis: Konplete epi fòme yon fraz ak chak vèb	13
Egzèsis: Mete atik defini ki korèk la nan espas ki vid la	14
Egzèsis: Sèvi ak mo sa yo pou konplete fraz sa yo	14
KONJIGEZON VÈB IREGILYE	15
Egzèsis: Ranpli espas vid yo avèk "Se" ak "Ye"	16
Egzèsis: Chwazi youn nan vèb sa yo pou mete nan espas vid yo	16
Egzèsis: idantifye vèb yo ak tan vèb yo nan tèks sa a:	18
Fanon Frantz	18
Aimé Césaire (Matinik)	18
ATIK YO	19
Atik defini sengilye ak pliryèl	19
Atik endefini	20
Fòmasyon pliryèl an kreyòl	21
Egzèsis: Mete fraz sengilye oubyen pliryèl	21
Egzèsis: mete atik ki konvenab la nan espas ki vid yo	21
Divizyon zile a	21
Egzèsis: Divize chak mo yo an silab	22
Egzèsis avèk vèb ak atik yo:	
Fè rechèch pèsonèl pou w kapab ranpli espas vid nan chak kazyè yo	22
Vèb ki eksprime "Gou"	24
Kèk fraz apresyasyon ak afeksyon	25
ADJEKTIF AK PWONON POSESIF YO	25
KONPARATIF AK SIPÈLATIF YO	27
PREPOZISYON LYE	29
KONTRÈ YO/ MO KI OPOZE YO	30
PWONON ENDEFINI	30
KALIFIKATIF	30
KONJONKSYON	31
Egzèsis: fè yon fraz an kreyòl ak konjonksyon sa yo	31

DEMONSTRATIF	32
NEGASYON	32
PWONON ENTÈWOGATIF YO	33
Egzèsis: Mete youn nan pwonon entèwogatif sa yo nan espas vid yo	33

SEKSYON II: KONPREYANSYON LEKTI AK EKRITI

Haïti Chérie	36
Entèvyou ak Islanda	37
Revolisyon ayisyen an	38
Ki wòl mizik jwe nan relijyon Vodou a?	39
Èzili O	40
Zapatismo ak prensip li yo	41
«Dayiva»	42
Lit aktyèl yo nan Ayiti	43
Lakou trankil	43
Lit Mapuche a	45
Jean Price-Mars	45
Minga Endijèn nan (kolonbi)	46
Okazyon pou pale: kreyòl Ayisyen	46
Mouvman Mawonaj La	48
Afrik ap viv nan mwen	48
Berta Cáceres	49
Kanaval Ayiti	50
Relijyon Ayiti	50
Si nou pa chita sou menm bit...	51
Migrasyon	51
Fanm yo	52
Ayiti pa forè	52

SEKSYON III: VOKABILÈ

Mouvman Popilè	56
Pwojè min	56
Sistèm dominasyon	56
Kominikasyon Popilè	56
Pachamama	57
Feminis	57
Migrasyon	57
Dekolonyal	57
Pwovèb	57
Vokabilè pèsonel	57

DEGI

Vokabilè jeneral 1	59
Jou yo nan semèn nan	68

Mwa yo nan ane a	68
Sezon yo nan ane a	68
Koulè yo	68
Kò moun	68
Zannimo yo	68
Fwi yon	69
Nimewo kadinal	69
Nimewo òdinal	69
Pwen kadinal	69
Pwofesyon	70
Mwayen transpò	70
Direksyon	70
Mezi	70
Vokabilè l'jyèn ak woutin	71
Kontrè	72
Fanmi	72
Manje ak sereyal yo	73
Fwi yo	73
Bwason yo	73
Antre	74
Desè	74
Ki lè li ye?	74
Peyi ak nasyonalite	74
Maladi yo	75
Vokabilè jeneral 2	75
Salitasyon an kreyòl	76
Salitasyon fòmèl	76
Salitasyon enfòmèl	76
Revizyon 1	76
Revizyon 2	78
Revizyon 3	79

ENTWODIKSYON

GLEFAS la (Gwoup Etid Fòmasyon ak Aksyon Feminis) Se yon ansanm kòlèg ak òganizasyon ki mete tèt yo ansanm sou baz konstriksyon kolektif panse ak estrateji epi poze aksyon ki nesèsè nan yon fason trè patikilye pou demantibile tout matris opozisyon ki ta gen a wè ak rasis, klasis (se yon diskriminasyon ki baze sou klas sosyal), rejim etewoseksyèl, epi sistèm kolonyal modènize a nan nivo lokal, rejyonal epi mondyal.

GLEFAS toujou aji nan atikilasyon oubyen nan tèt kole ak lòt mouvman sosyal yo, se youn nan priyote nou genyen pou nou aji nan Karayib la. Notamman sa ede nou sere lyen yo ant pèp ayisyen an ak pèp dominiken an. Deja nou konnen zafè kolonizasyon nan zile a deja simen rasis, kont ayisyen elit dominiken yo te deja mete anplas, sa fè, yon bon pati nan relasyon solidarite a te deja kraze depi kòmansman istwa nou antanke zile.

Pwodui kolonyalis la te pèmèt gen kèk lang ki te vin ofisyèl, epi sa te kontribye nan definisyon idantifikasyon nasyonal yo. Nan Repiblik Dominikèn, lang ofisyèl la se espanyòl, malgre gen yon popilasyon imigran Ayisyen ki trè siyifikatif epi k ap pale kreyòl depi anpil syèk, ou jwenn se kèk grenn dominiken ki pale Kreyòl, malgre yo tou pre Ayiti.

Nan GLEFAS, **nou konprann li se yon ijans pou Dominiken aprann pale kreyòl ayisyen, paske yon bon kominikasyon kontribye nan kraze divizyon istorik kolonizasyon an te mete sou tout zile a.**

Liv sa a se yon dokiman pou sipò ak pou fòmasyon nan kreyòl ayisyen, li fèt pou militan dominiken ak aktivis Dominiken yo nan pèspektiv edikatif kont rasis, dekolonyal ak edikasyon popilè. **Objektif prensipal la, se pou resere lyen fratènite ant pèp Dominiken an ak pèp Ayisyen an**, yon fason pou ansanm kont tout sistèm opresyon yo ki genyen nan zile a.

Kontni ti liv la divize an twa seksyon. Premye seksyon an oryante sou aprantisaj ak konesans gramatikal kreyòl ayisyen an, li mande enfòmasyon konplèmantè, swa enfòmasyon ekri oswa nan direksyon yon titè. Egzèsis yo pwonpoze yo ranfòse kontni konpetans oral. Dezyèm seksyon an gen tèks, chante ak egzèsis pou ranfòse okpetans konpreyansyon lekti (tèks ak powèm), tandè (chante) ak pwodiksyon ekri (egzèsis ekriti). Yo ka dirije egzèsis rechèch, tradiksyon, ak entèpretasyon pou chak tèks, powèn oswa chante. Twazyèm seksyon an prezante vokabilè diferan pwoblèm sosyal, li enpòtan pou sonje mo chak vokabilè pa reprezante òganizasyon epi yo ka itilize yon fason pozitif oswa negatif. Vokabilè sa yo itil pou travay ak "opinyon ak woutin travay". Kontni yo pwopose a gen fasilite pou adapte yo ak bezwen chak gwoup, kidonk li rekòmande pou seksyon yo travay an paralèl.

Nou remèsye Inivèsite pou Rezistans lan « **UNIR** » ak **Kolektif Latino-Afriken** yo pou jantiyès yo, paske yo pèmèt nou sèvi ak materyèl sa a, « **Cuaderno de Ejercios de Español para hablantes de creole haitiano** », nan entansyon pou kreye yon espas fòmasyon ak echanj sosyo-lengwistik ant espanyòl ak kreyòl, ki sèvi nou kòm baz pou devlopman materyèl sa a. Malgre gen anpil nouvo tèm ak egzèsis ki ajoute, men tou, genyen anpil nou pran yo jan yo ye nan tèks sa a. Mèsi!!!!



PREZANTASYON

FICH PREZANTASYON

Non / Nombre	
Siyati / Apellido	
Sèks / Género	
Nasyonalite / Nacionalidad	
Okipasyon / Ocupación	
Kat idantite / Carnet de identidad	
Adrès / Ubicación	
Nimewo Telefòn / Número de Teléfono	
Imèl / Correo electrónico	

EGZÈSIS PREZANTASYON AN KREYÒL

Pratike pou aprann

Fè yon prezantasyon fòmèl selon modèl sa a:

Bonjou / Bonswa. Mwen rele _____

Mwen rete _____ Mwen soti _____

Mwen fè pati gwoup: _____

Objektif travay nou an se : _____

Nou te travay: _____

Kote n ap travay koulye a se: _____

Pou nou atenn objektif nou, nou reyalize : _____

Aktyèlman, pi gwo defi nou genyen devan nou se:

1. _____

2. _____

3. _____

ALFABÈ

VWAYÈL

a	/a/	ale, mache	(1)
e	/e/	ede, pare	(2)
è	/ɛ/	èni, pèdi	(3)
i	/i/	itilize, machin	(4)
o	/o/	ogmante, taso	(5)
ò	/ɔ/	òlòj, bòne	(6)
ou	/u/	ouvri	(7)

KONSÒN

b	/b/	bote, kaba	(14)
ch	/ʃ/	chèche, achte	(15)
d	/d/	doute, tande	(16)
f	/f/	fouye, dife	(17)
g	/g/	gade, degi	(18)
h*			
j	/ʒ/	jape, ajite	(19)
k	/k/	kilbite, rakèt	(20)
l	/l/	lave, jalon	(21)
m	/m/	klima	(22)
n	/n/	netwaye, kadnase	(23)
ng	/ŋ/	peng, mang	(24)
p	/p/	pale, apeti	(25)
r	/ʁ/	rele, penetre	(26)
s	/s/	soti, danse	(27)
t	/t/	travay, wete	(28)
v	/v/	vale, nève	(29)
z	/z/	ze, egzòtasyon	(30)

VWAYÈL NASAL

an	/ã/	antre, van	(8)
en	/ɛ̃/	enterè, ven	(9)
on	/õ/	onz, tonbe	(10)
oun*			

DEMI VWAYÈL

ui	/y/	uit, nuit	(11)
w	/w/	wouze, nway	(12)
y	/j/	Genyen, dyak	(13)



PWONON PÈSONÈL

Pronombres personales	Traducción	Frases cortas y sencillas	Traducción
Mwen	Yo	Mwen renmen kreyòl	Me gusta el creole
Ou	Tú, usted	Ou pale espanyòl trè byen	Usted habla español muy bien
Li	El, ella	Li entèlijan (Andre)	Él es inteligente (Andrés)
Nou	Nosotros	Li entèlijan (Andrea)	Ella es inteligente (Andrea)
Nou	Ustedes	Nou manje zaboka	Comemos aguacate
Yo	Ellos, ellas	Nou renmen politik Yo vle ale Ayiti	A ustedes les gusta la política Ellos quieren ir a Haití

EGZÈSIS: SOULINYE PWONON PÈSONÈL KI NAN CHAK FRAZ SA YO:

Mwen rele Mari.
 Ou Rele Ramon.
 Li prale nan plaj.
 Yo se dominiken.
 Nou se.
 Ou prale mwen?
 Li rele Gloria.

EGZÈSIS MO KOUTWAZI.

Repete aprè pwofesè a epi pratike ak kamarad klas ou yo.

Bonjou
 Bonswa
 Mèsi anpil, trè jantiy.
 Silvouplè, tanpri, souple.
 mwen gen yon dout
 mwenpanse... creo que...
 Bonjou madam Andrea
 Bonswa Mesye Andre
 Mwen kontan pale ou...
 Orevwa !



EGZÈSIS:

Byen li deskripsyon devinèt sa yo pou w kapab plase pwonon pèsònèl ki kòrek la.

Devinèt	Pwonon Pèsònèl
Mwen se premye pèsòn sengilye, ki pwonon mwen ye ?	
Yo itilize m pou pale sou plizyè lòt moun oubyen lòt bagay san yo pa mete m ladan l, ki pwonon mwen ye ?	
Se mwen yo itilize kòm 2èm pèsòn sengilye. Ki pwonon mwen ye?	
Yo itilize m kòm premye pèsòn pliryèl. Ki pwonon mwen ye?	
Pafwa se mwen yo itilize pou pale sou yon sèl moun oubyen yon sèl bagay sengilye. Ki pwonon mwen ye ?	

VÈB YO

EGZÈSIS: KONLETE EPI FÒME YON FRAZ AK CHAK VÈB.

VÈB	VERBOS	VÈB	VERBOS
Anseye	Enseñar	Ekri	Escribir
Aprann	Aprender	Siyen	Firmar
Kesyone	Preguntar	Efase	Borrar
Reponn	Contestar	Kominike	Comunicar
Koute	Escuchar	Panse	Pensar
Tande	Oir/ escuchar	Reflechi	Reflexionar
Obeyi	Obedecer	Li	Leer
	Respetar	Fèmen	Cerrar
	Castigar	Ouvri	Abrir
Pini	Castigar	Dekouvri	Descubrir

- 1- Le mwen dezobeyi paran mwen, li _____ mwen oubyen li _____ mwen.
- 2- Lè granmoun pale, tout timoun dwe _____
- 3- Matye ap _____ yon estasyon radyo an kreyòl, paske li ap _____ pale li.
- 4- Si yon moun _____ ou sou yon bagay, ou dwe _____ li, men si ou pa gen konesans sou sa li mande ou a, di li ou pa konnen.
- 5- Pwofesè a ap _____ elèv yo, men elèv yo pa vle _____
- 6- Pawòl Bondye aprann nou pou nou _____ paran nou epi _____ yo tou.
- 7- Chak fwa ou fini _____ yon lèt, ou dwe _____ li.
- 8- Mwen te _____ tout ayisyen te pale franse.
- 9- Yè swa, premye minis peyi a _____ 3 jou dèy nasyonal, paske yo asasinan prezidan peyi a.
- 10- Lè w ap konpoze (fè egzamen) ou dwe _____ byen anvan ou _____ sou fèy la, epi ou dwe _____ tèks la byen pou w pa fè erè.
- 11- Daprè listwa Kristòf Kolon te _____ Amerik la an desanm 1492.

EGZÈSIS: METE ATIK DEFINI KI KORÈK LA NAN ESPAS KI VID LA.

Pa bliye atik defini ak endefini yo (atik defini: A- an- la- nan) (atik endefini: yon)

- a- Mwen genyen _____ valiz sou kabann nan, pran li pou mwen silvoulè.
- b- Sa se _____ kaye egzèsis.
- c- Li vle _____ te jenjanm (gengibre).
- d- Pantalon pwofesè _____ gen koulè gri.
- e- Li gen _____ pantalon gri.
- f- Valiz _____ nwa ak blan.
- g- Diri _____ byen kuit, banm tikal ankò silvoulè.
- h- Biwo _____ ouvri pou tout moun ki vle plis enfòmasyon.
- i- Mwen pa gen anyen nan frijidè _____.

EGZÈSIS: SÈVI AK MO SA YO POU KONLETE FRAZ SA YO.

VÈB	VERBOS	VÈB	VERBOS
Kouche	Acostar/se	Kouri	Correr
Dòmi	Dormir	Kanpe	Parar
Reveye	Despertar/se	Ralanti	Desacelerar
Leve	Levantar/se	Chita	Sentar
Mete	Poner	Sote	Saltar
Abiye	Vestir/se	Vole	Volar
Dezabiye	Desvestir/se	Ranpe	Gatear
Benyen	Bañar/se	Pwomennen	Pasear
Plonje	Submergir	Mache	Caminar
Naje	Nadar	Kouri	Correr



1. Solèy la _____ chak maten, li _____ chak swa.
2. Ana ap _____ nan douch la.
3. Mwen renmen _____ lè mwen ale benyen nan rivyè a, paske mwen konnen _____ trè byen.
4. Fèmen pòt la, Andrea ap _____ nan chanm nan.
5. Chat _____ pi rapid pase chen.
6. Koulè _____, krapo _____, zwazo _____.
7. Daprè prensip sikilasyon, ou dwe _____ lè limyè a jòn, paske li pral chanje.
8. Mwen renmen _____ sou plas piblik ak fanmi mwen.

KONJIGEZON VÈB IREGILYE

Hay tres verbos irregulares en creole. Son “**Ye**”, “**Se**”, “**Bay**”. Los verbos “**Ye y Se**” equivalen ambos a los verbos Ser y Estar en español. Sin embargo, tienen un uso diferente.

Ye: se usa generalmente en oraciones interrogativas, mientras que “**Se**” se usa en oraciones afirmativas.

Egzanp:

- ki moun ou **ye**? ¿Quién es usted? ¿Quién eres?
- Mwen **se** Lucia Georges, enfimyè. Mwen **se** pwofesè Manes Prezime.
- Papi, kisa sa **ye** ? ¿Papi, qué es eso ?
- Se yon lanmè. Esto es un mar.

Nota: existen tres casos de excepción en el uso del verbo “**Se**”. El verbo “**se**” omite:

1- Delante un adjetivo / devan yon adjèktif kalifikatif ou pa dwe di “**se**”.

- Kòman ou **ye**? – Mwen **byen**
- ¿Cómo **está** usted? estoy **bien**

2- Delante palabras que indican lugar / devan mo ki endike yon lye, yon kote.

- Ki kote prezidan Abinader **ye** ? – li nan **palè nasyonal**.
- ¿Dónde **está** el presidente Abinader? – él está en el **palacio nacional**.

3- Delante de colores / Devan koulè yo.

- Ki koulè drapo Ayisyen an **ye** ? – Drapo a ble ak wouj.

Nota importante: se dice: / ou kapab di:

Se te	Fue, era	Se te yon plezi pou mwen	Era un placer para mí.
Se ta	Sería	Se ta yon plezi pou nou pale.	Sería un placer que hablemos.
Se pral	será	Se pral yon plezi pou m rankontre ou.	será un placer encontrarnos.
Se ap	Será, esta ...	Se ap yon gran jwa pou mwen...	Será de mucha alegría para mí.

En estos casos el verbo se coloca delante de las partículas que indican los tiempos.

Verbo Dar / BAY

1- **Bay**: se usa la forma general "BAY" cuando no le sigue completo directo.

Egzanp:

- Ou bay nouvèl la? ¿tù das la noticias ?
- Nou bay yon bon sèvis. Nosotros damos un buen servicio.

2- **Ba**: se usa delante de los pronombres personales "Ou, Li, Yo".

Egzanp:

- Mwen ba **ou** kè m kòm kado. Te doy mi corazón como regalo.
- Ou ba **yo** yon bon enpresyon. Les diste una buena impresión.
- Ba **li** 1 000 dola pou mwen silvouplè. Darle 1 000 dólares para mí por favor.

3- **Ban**: delante los pronombres "Mwen, nou".

Egzanp:

- Tanpri, **ban** mwen yon ti dlo. Por favor, dame un poco de agua.
- Li **ban** nou adrès biwo GLEFAS LA. Nos dio la dirección de la oficina de GLEFAS.

EGZÈSIS: RANPLI ESPAS VID YO AK "SE" OUBYEN "YE".

1. Pedro, kòman ou _____ ?
2. Ki kote biwo òganizasyon an _____ ?
3. Gen yon manifestasyon ki ap òganize pou pwoteste kont nouvo lwa nan sena a. Ki kote rasanbleman sa ap _____ ?
4. Ki nasyonalite ou ? Mwen _____ dominiken.
5. ki okipasyon ou? Mwen _____ pwofesè.
6. ki kote klinik doktè Jacky a _____ silvouplè? Mwen santi mwen malad anpil anpil.
7. Kijan manman ou _____ ? Li pa pi mal grasadye.
8. Brezil _____ yon peyi ki gen anpil fwontyè, ou jwenn li nan kontinan Sid Amerik la.
9. Kilè li _____ ? Li 08 : 00 (AM) dimaten.
10. Li _____ yon militan nan yon òganizasyon feminis nan Repiblik dominikèn.
11. Ki kote travay ou _____ ? Travay mwen nan vil Jakmèl
12. Ki kote biwo òganizasyon kont rasis la _____ silvouplè ?

EGZÈSIS: CHWAZI YOUN NAN VÈB SA YO POU METE NAN ESPAS VID YO.

SE

YE

GENYEN

1. Viktò _____ avoka, li travay nan Palè jistis.
2. Janèt _____ twa machin, li decide fè zanmi li kado youn nan yo.
3. Ki kote ou te _____ Yèsou ou pa t vini manje ak nou.
4. Kisa Bòb _____ li pa vini nan klas jodi a?

5. Timoun nan ap kriye depi maten, pèsòn pa konnen kisa li _____?
6. Konbyen pitit ou _____?
7. Eske tout pitit ou yo _____ gason ?
8. Makson _____ anpil lajan, men li pa konnen kisa pou li fè ak yo.
9. Ki lè li _____ silvouplè ?
10. Mwen _____ pwofesè kreyòl.

KONJIGEZON VÈB YO

Los verbos son constantes. No cambian en tiempo ni en persona. Es decir que mantienen su forma infinitiva. Además, son regulares, con excepción de los verbos “se” y “ye” que significan “ser y/o estar; y del verbo “bay” que significa Dar.

Por lo tanto, es indispensable utilizar los pronombres personales sujetos para diferenciar las personas verbales una de otra. Para diferenciar los tiempos, se usan algunos prefijos que veremos más adelante.

TAN PREZAN	TIEMPO PRESENTE	TAN PASE	TIEMPO PASADO
Mwen	Genyen / yo tengo	Mwen	Te genyen / yo tenía
Ou	Genyen /tú tienes	Ou	Te genyen / tu tenias
Li	Genyen /el, ella tiene	Li	Te genyen / el, ella tenía
Nou	Genyen /nos. tenemos	Nou	Te genyen / nos. teníamos
Nou	Genyen /vos. Ustedes tenéis	Nou	Te genyen / vos. teníais
Yo	Genyen /ellos,as tienen	Yo	Te genyen / ellos, as tenían

TAN FITI	TIEMPO FUTURO	TAN KONDISYONÈL	TIEMPO CONDICIONAL
Mwen	Pral genyen / yo tendré	Mwen	Ta genyen / yo tendría
Ou	Pral genyen / tu tendrás	Ou	Ta genyen / tu tendrías
Li	Pral genyen / el, ella tendrá	Li	Ta genyen / el, ella tendría
Nou	Pral genyen / n. tendremos	Nou	Ta genyen / nos. Tendríamos
Nou	Pral genyen / v. tendréis	Nou	Ta genyen / vos. Tendríais
Yo	Pral genyen/ellos,as tendrán	Yo	Ta genyen / ellos, as tendrían

“Genyen” significa ganar, tener algo en posesión. Posede=poseer

Nota: la contracción **“Genyen”** es **“Gen”**



Para formar el gerundio usamos: P.P.S. (PWONON PESONEL SIJÈ) + **AP** + Verbo

P.P.S	AP (Presente continuo)	VERBO
Mwen	Ap	Pale
Ou	Ap	Pale
Li	Ap	Pale
Nou	Ap	Pale
Nou	Ap	Pale
Yo	Ap	pale

Ej.: Estoy hablando con Manes sobre la revolución. Mwen ap pale ak Manes sou revolisyon an.

EGZÈSIS: IDANTIFYE VÈB YO AK TAN VÈB YO NAN TÈKS SA A:

Fanon Frantz

Youn nan gran entèlektiyèl ki panse kont sistèm dekolonizasyon an se Frantz Fanon. Frantz Fanon se yon revolisyonè, yon sikyat, yon filozòf, yon ekriyen karayibeyen. Li te fèt sou zile Matinik, nan epòk sa a se te koloni fransè ki te genyen. Men tou, li te konn viv nan Dominik, nan peyi Lafrans ak Aljeri. Fanon te sipòte lit Aljeryen an pou endepandans lan epi li te yon manm devan Liberasyon Nasyonal Aljeryen an. Pandan li t ap viv nan peyi Lafrans, li te ekri premye liv li "po nwa", "mask mas blanch blan" liv sa yo te pibliye nan vil Pari nan lane 1952. Nan yon pèspektiv siko-analitik, li analize santiman depandans yo epi santiman enferyorite nwa yo genyen, lè nwa yo ap jete pwòp kilti yo pandan yo ap fòse imite kilti kolonizatè yo... Nan dezyèm piblikasyon li nan lane 1961, nan liv ki te gen pou tit "kondane sou latè yo", li analize pouvwa metwopolitèn nan egzès pou li domine epi kenbe anba men li, dominasyon li sou nwa yo. Pouvwa metwopolitèn nan fè menm moun sa l ap domine a avèg, li transfòme yo tankou enstriman li vle, li fè youn ap batay kont lòt la pou l kapab vini kòm liberatè pou nou, pou pote liberasyon pou yo. Pou Fanon, dekolonizasyon an reyalye nan fòmasyon politik ak vyolans. Daprè li menm, kolonizasyon an te fonde sou vyolans, sou denigreman sistematik, ki baze sou prive yon moun tout bagay li taka gen bezwen. Franz Fanon te mouri lè li te gen 36 lane ak maladi Lesemi (leusemia) nan kòmansman mwa desanm lane 1961 nan Etazini.



Aimé Césaire (Matinik)

Yon lòt figi enpòtan nan sistèm dekolonyalis ak kont rasis la se "Aimé Césaire", li te yon politisyen matinikè, yon powèt. Li te ekri konsèp "moun nwa, le noisseur". Travay li te make paske li te kenbe defans rasin Afriken li yo. Konsèp moun nwa a te parèt pou premye fwa nan lane 1934, nan paj sa yo nan magazin "elèv Nwa a, the black student". Se te jis yon reyaksyon pou l te plase pozisyon li epi opoze kont sistèm kolonyal fransè ak opresyon kiltirèl ki te gen nan epòk la. Sa te fè li pran pozisyon li pou jete pwojè fransè yo ki te vle fè dappiyanp afè kilti a, se te pou li te kapab bay kilti afriken an valè tou. "Moun Nwa/ le noisseur" pou Césaire te ekprime yon defi ki trè gran, se te fè l fè pati yon kominote ki te oprime epi mete sou kote nan sosyete a, men ki rete nan yon batay manch long. Li te toujou ekprime kritik li kont sistèm kolonyalis lan, ki te sitou baze



sou yon selèb diskou sou zafè kolonyalis la nan lane 1955.

Ekriven an konsidere kontinan Ewopeyen an ipokrit e ak imoral epi pwojè kolonyalis li an (kontinan E.) te endefandab Poukisa? Paske daprè Césaire, li te kapab rezoud ti pwoblèm lamizè li menm menm te konstrui nan zafè konkèt kolonyal la.

Aimé Césaire te mouri nan dat 17 avril 2008 an Frans.

ATIK YO

ATIK DEFINI SENGILYE AK PLIRYÈL.

Los artículos se clasifican en artículos definidos y artículos indefinidos. A diferencia del español, los artículos definidos se colocan después del sustantivo y toman en cuenta la terminación de este.

Singular/ Atik sengilye yo: **la, a, an, lan/nan**

Egzanp:

- Liv la – el libro
- Peyi a – el país
- Lavi a – la vida
- Machin nan – la maquina
- Chanm nan – la habitación
- Pen an – el pan
- Rezistans lan – la resistencia
- Òganizasyon an – la organización

Atansyon:

Se usa “a” cuando el sustantivo termina en vocal.

Egzanp:

- Peyi a – el país
- Lari a – la calle
- Ze a – el huevo
- Ji a – el jugo

Se usa “an” cuando el sustantivo termina en: an, en, on.

Egzanp:

- Pen an – el pan
- Pon an – el puente
- Jaden an – el conuco, el jardín

Usamos “nan o lan” cuando el sustantivo termina en : èn, òn, an, in, m, nm, nn, èm.

Egzanp:

- Mòn nan
- Rèn nan
- Fanm nan



- Krèm nan
- Madam nan
- Pon an – el puente
- Jaden an – el conuco, el jardín

Usamos “**nan** o **lan**” cuando el sustantivo termina en: **èn, òn, an, in, m, nm, nn, èm**.

Egzanp:

- Mòn nan
- Rèn nan
- Fanm nan
- Chanm nan
- Krèm nan
- Madam nan

En todos los demás casos, se usa el artículo definido singular por excelencia “**la**”.

Egzanp:

- Legliz la
- Lopital la
- Kay la
- Kabrit la
- Tabak la
- Travay la
- Chèz la
- Tab la

Plural: se usa siempre “**yo**” como artículo definido plural.

Egzanp:

- Lavi yo / las vidas
- Travay yo / los trabajos.
- Peyi yo / los países.

ATIK ENDEFINI.

Los artículos indefinidos se colocan delante del sustantivo como en español.

Sengilye: yon

Egzanp:

- Yon liv / un libro
- Yon legliz / una Iglesia
- Yon moun / una persona

Pliryèl : kèk

- Kèk liv / algunos libros.
- Kèk vil / algunas ciudades.



- Kèk legliz / algunas iglesias
- Kèk bagay / algunas cosas.
- Kèk moun / algunas personas
- Kèk sitwayen / algunos ciudadanos.

FÒMASYON PLIRYÈL AN KREYÒL.

Para formar el plural usamos la partícula “yo” y la colocamos después de la palabra. Es muy importante precisar que la palabra no lleva en sí marca del plural.

Egzanp:

- Peyi / país.
- Peyi yo / los países.
- Richès / riquezas
- Richès yo / las riquezas.

EGZÈSIS: METE FRAZ SENGILYE OUBYEN PLIRYÈL.

Yon zile _____
 Yon afro-desandan _____
 Plizyè militan/ anpil militan/ kèk militan _____
 Plaj yo _____
 Karayib la _____
 Kay yo _____
 Koloni a _____
 Rezistans yo _____
 Mawonaj _____

EGZÈSIS: METE ATIK KI KONVENAB LA NAN ESPAS KI VID YO.

Pou w konprann byen relasyon Ayiti ak Repiblik Dominikèn, fòk ou analize Karayib _____

Gen yon otè ki rele Michel Trouillot ki te souliyen pou l di : sosyete Karayib yo genyen yon sistèm kolonyal ki tèlman esansyèl, karakteristik sosyal ak kiltirèl yo pa kapab ni eksplike, ni rive fè deskripsyon yo, san fè referans oubyen alizyon ak sistèm kolonyalis _____

Byenke 12 oktòb 1492 la fè nou sonje kòmansman konkèt _____ ak kolonizasyon Ewopeyen nan peyi Amerik yo, se te 5 desanm nan menm ane _____ Kristòf Kolon te debake sou zile Boyo, Babako oubyen Ayiti. Apre sa yo vin rele li Ispanyola, se la yo te jwenn premye abitan _____ Ki se Arawak _____ Kristòf kolon te rele Endyen paske yo te fè yon fot jewografik.

Menm kote li rive a, Kristòf Kolon konstui yon gwo fò militè. Premye a te rele Nowèl, apres a te gen plizyè

lòt ankò. Ansuit, aprè dezyèm vwayaj li a, li te konstui premye vil ki te fèt nan fòm vil espanyòl yo, li te rele vil sa a IZABEL (IZABELA). Yo te rele vilaj sa konsa, suivan lòd ke Rèn ELIZABETH te ba yo. Nan dat ki te 6 janvye 1494, te gen yon prèt ki te rele BOIL, se li menm ki te selebre premye mès ki te fèt nan kontinan an. Aktivite sa a te pèmèt yo louvri premye koloni Ewopeyen nan Amerik la.

Depi nan moman sa a, tout pèp yo ki t ap viv ak kè poze nan peyi _____ te kòmanse sibi tout sòt kalite pwoblèm. Yo eksplwate yo, fè yo fè travay fòse, enferyorize _____, imilye _____, maltrete _____, touye yo. Anpil syèk vin pase, menm kolon sa yo vini avèk afriken yo sou zile a yo te achte kòm esklav.

Se konsa, nan Karayib _____ nou te vin genyen patikilyèman zile Ayiti a, ki te vin divize pou fè de (2). Divizyon sa te fè gen yon pati pou espanyòl yo epi yon lòt pati pou Fransè yo. Se menm bagay sa a ki vin bay nesans ak de (2) leta, de (2) peyi nasyonal, ki se Repiblik Dominikèn ak Ayiti. Sa pa t pran lontan pou te vin genyen yon gran konkirans enperyalis ant Anglè yo, Fransè yo, espanyòl yo epi Neyèlandè yo tou. Sa te fèt nan 17 è ak 18 è syèk.

Ak koze kolonyalis sa a, modènite oksidantal la vin pran nesans. Kolonizatè yo ap vini "pa pil ak pa pakèt" nan ti bout zile sa. Yo vini kòm moun ki vini nan kad misyon sivilize pou legliz katolik, se rezon sa ki fè yo jistifye relijyon katolik la kòm responsab sistèm esklavajis la an Ayiti. Se konsa moun blan po wouj yo, etewoseksyèl yo, katolik yo, Ewòp antanke rejyon vin devni sant mond lan. Se konsa pèp Ameriken yo ak anpil lòt ki pat menm gen rasyonnalite, ki pa t menm gen espiritualite, ki pa t genyen konesans te oblije debake an AYITI. Se apati eksperyans sa a, yo kòmanse defini lòd yerachik rasyal, sosyal, seksyèl nou genyen jouk jodi a. Se sa nou rele kolonite a, ki se rezilta sistèm kolonyalis lan kite pou nou kòm eritaj.

DIVIZYON ZILE A (AN DE).

Nan bagay kontwole tèritwa peyi lòt bò lanmè yo, vin genyen yon gwo Konkirans ant Espanyòl, Fransè, Anglè, Neyèlandè ak Pòtigè yo. Konkirans sa a vin fè zile a tounen yon pyès teyat... Si nou ta site kèk ladan yo nou jwenn Espanyòl ak Fransè yo, se bagay sa a ki vin pwovoke divizyon zile a an 2 pati, an (2) de leta nasyonal. Ou jwenn prezans Fransè yo ki monte nan lane 1629, lè yo te vin tabli, enstale yo nan distans 10 km parapò ak Nò zile espanyola a, sou ti zile sa a ki se Latòti. Apati de 1656, yo antre ak tout fòs yo sou tèritwa nou an sou zile a, yo te pase nan kòt lwès peyi a, yo pwofite ti gwoup moun lwès yo ki pat twò anpil pase sa konsa yo enstale premye koloni Fransè a nan vilaj Leyogan nan lane 1668, tikras tan aprè espanyòl yo vini kouwone vilaj sa a. Depi nan lane 1678, yo te rele pati oksidantal zile a "Sen Domeng".

Nan lane 1678, sa yo rele lapè Nimega a, yon akò ant Lespay, Lafrans ak peyi Ba yo. Akò sa a, trete sa a te vin mete yon fen nan gran konkou Ewopeyen, Peyi Ba yo kont Angletè ak Lafrans lan (1672-1678). Menm kote a, ak menm trete sa te genyen gwo negosyasyon ki te fèt ant Lafrans ak Lespay ki te enplike pou fè rekonèt prezans fòmèl Fransè yo sou zile a, epi delimite espas fonksyonman yo sou tèritwa a. Malgre tout trete sa yo, te toujou gen gwo tansyon ak gwo lagè ant Lafrans ak Lespay jouska trete Riswik

la nan lane 1697 nan pwovens Neyèlandè yo. Non trete sa a la jouk jounen jodi a. Trete Riswik la vin mete yon fen ak nèf 9 lane lagè ki te genyen ant Lafrans kont Lespay, Angletè, Inyon pwovens peyi Ba yo ak Anpi Women yo.

Ak trete Riswik la, Lespay bay yon tyè nan pati Oksidantal zile a bay Fransè yo, epi konsa, te vin genyen yon ekzistans pasifik ant Fransè ak Espanyòl yo. Se konsa zile a vin divize pou fè de (2), pwodui oubyen rezilta kolonizasyon espanyòl ak fransè yo.

EGZÈSIS: DIVIZE CHAK MO YO AN SILAB.

Lapè				
Trèt				
Metwopòl				
Kolonize				
Lwès				
Lespay				
Ewopeyen				
Divizyon				
Lagè				
Lafrans				
Zile				
Latòti				

EGZÈSIS AK VÈB EPI ATIK YO.

FÈ RECHÈCH PÈSONÈL POU W KAPAB RANPLI ESPAS VID NAN CHAK KAZYE YO.

Li atantivman chak kaz yo, epi egzamine tout enfòmasyon ki nesesè yo pou w kapab reponn chak kesyon yo.

	Sou kisa yo ap pale?	Ki orijin li?	Kisa li fè ? Kisa li te konsakre?
Manman Tingó se te yon dominiken ki te goumen pou tè sa a.			
Tousen Louvèti se te chèf revolisyon Ayisyen an.			

Zumbi dos Palmares se yon lidè ki goumen kont sistèm esklavajis la nan Nodès peyi Brezil.			
Sonia Pierre se te yon fanm ki alafwa domiken epi ayisyen ki te goumen kont denasyonalizasyon popilasyon ki alafwa domiken epi ayisyen.			
Bartolina Sisa se te yon Ewo endijen nan Aymara Bolivie. Li te patisipe nan soulèvman kont eksplwatasyon kolonyalis espanyòl yo.			
Caonabo, chèf Kasik (Cacigazco) Magwana a reziste ak tout fòs li kont Ewopeyen yo sou Zile a.			
Frantz Fanon se yon briyan entèlèktyèl «Li gen po nwa, mask blan ».			
Lemba se te yon lidè nwa kont esklavajis ki te mennen yon rebelyon pwolonje kont esklavaj nan zile a.			
Atahualpa fèt nan Cuzco, yo rekonèt li kòm dènye moun nan pouvwa Inca.			
Berta Cáceres, yon lidè nan Lenca, li te fèt Nan peyi Honduras, yo te touye l paske li t ap defann lavi.			

VEB KI EKSPRIME "GOU"

Renmen = gustar, amar

Adore = encantar

Prefere, pito = preferir

Deteste, rayi = odiar, detestar

- Mwen renmen foutbòl men... mwen prefere basketbòl.
- Mwen renmen klas anglè a, men mwen pito klas kreyòl la.
- Mwen renmen gade televizyon men mwen prefere fè lèkti.
- Mwen renmen gade televizyon
- Mwen renmen jwe pyano, gita, bas, tanbou, twonpèt, elatriye.
- Mwen renmen li jounal
- Mwen renmen fè lèkti
- Mwen renmen ale sou entènèt
- Mwen renmen ale andeyò: ale nan montay, ale nan mòn, ale nan jaden
- Mwen renmen dòmi, manje, pale nan telefòn ak zanmi mwen, elatriye
- Mwen renmen tande mizik.
- Mwen renmen ale legliz
- Mwen renmen ale nan plaj
- Mwen renmen ale nan lanmè
- Mwen renmen ale nan sinema
- Mwen renmen ale fè espò
- Mwen renmen repoze
- Mwen renmen fè syès
- Mwen renmen jwe ak pitit mwen
- Mwen renmen ale nan bibliyotèk
- Mwen renmen vwayaje.

Egzèsis :

a) Prezante 5 bagay ou renmen.

b) Di 5 bagay ou rayi oubyen deteste.

c) Pale nou sou preferans ou.

KÈK FRAZ SOU APRESYASYON AK AFEKSYON.

- Mwen renmen ou.
- Mwen apresye ou.
- Mwen felisite ou.
- Mwen renmen fason ou.
- Mwen santi mwen ta rete kote ou.
- Mwen ta pase tout tan mwen ak ou.
- Mwen renmen jan ou pale, danse, souri.
- Ou jantiy, ou saj, ou entèresan anpil...

ADJEKTIF AK PWONON POSESIF YO

Los adjetivos posesivos son los mismos pronombres personales sujetos, pero colocados después de lo poseído.

Manman mwen malad anpil.	Mi madre está muy enferma.
Pitit ou entèlijan.	Tu hijo es inteligente.
Tonton li se polisye.	Su tío es policía.
Fanmi nou paka divize.	Nuestra familia no puede ser dividida.
Paran nou rich.	Nuestros padres son ricos.
Frè w yo sanble pa gen lapè.	Sus hermanos no tienen paz me parece.

Pwonon posesif.

Para formar los pronombres posesivos anteponeamos “pa” a los adjetivos posesivos. De igual forma se colocan después de lo poseído.

Ewo pa mwen rele Jan Jak Desalin.	El héroe mío se llama “ Jean J. Dessalines.
Pwofesè pa ou a, sanble trè entèresan.	El profesor tuyo parece muy interesante.
Kamarad pa li a rele Jaklin.	La compañera suya se llama Jacquelin.
Sal reyinyon pa nou an deja disponib.	La sala de reunión nuestra está disponible ya.
Se devwa pa nou .	Es vuestra tarea.
Dwa pa yo , se lite pou sa yo bezwen.	Sus derechos son luchar por lo que se necesita.

KONPARATIF AK SIPÈLATIF YO

COMPARATIVOS Y SUPERLATIVO / KONPARATIF AK SIPÈLATIF YO

Superlativo / Sipèlatif

El superlativo se forma poniendo “anpil” después del adjetivo calificativo o después del nombre.

Egzanp:

- Zile a te bèl anpil / la isla era muy bonita.
- Mwen grangou anpil / tengo mucha hambre.
- Mesye sa gwo nèg anpil / este señor es muy grande

Comparativo / Konparatif

1. De igualdad / egalite.

Para formar el comparativo de igualdad, se usa las partículas “tankou” o “ menm + adverbio + ak”.

Egzanp:

- Andre entèlijan tankou Jan / Andrés es tan inteligente como Juan.
- Andre entèlijan menm jan ak Jan / Andrés es tan inteligente como Juan.
- Jaklin bèl tankou Mari / Jaklin bèl men jan ak Mari = Jacqueline es bella como Maria.

COMPARATIVO DE SUPERIORIDAD / KONPARATIF SIPERYORITE.

Se usa las partículas “plis ... pase” cuando se refiere a una comparación cuantitativa mientras que se usa “pi pase” cuando es una comparación cualitativa.

Egzanp:

- Jan genyen plis lajan pase Andre / Juan tiene más dinero que Andrés.
- Jan pi rich pase Andre /Juan es más rico que Andrés.

COMPARATIVO DE INFERIORIDAD / KONPARATIF ENFERYORITE.

Se usa las partículas "mwens ke/ pase" cuando se refiere a una comparación cuantitativa mientras que se usa "mwèn Ke / pase" cuando es una comparación cualitativa.

Egzanp:

- Andre gen mwens pitit pase Michel / Andres tiene menos hijos que Michel.
- Andre manje mwèn vit pase Michel / Andres come menos rapido que Michel.

ADVÈB YO

Ki sa ki se yon Advèb

- Yon advèb di nou plis sou yon vèb
- Yon advèb dekri oswa modifye vèb la
- Anpil advèb fini ak sifiks « man » men se pa tout.
- Advèb yo souvan di nou kijan yon bagay pase.

Definisyon Adveb

Advèb yo reponn kesyon sa yo

- Kouman / kòman
- Lè
- Ki kote
- Nan ki nivo
- Poukisa

Egzanp lis advèb yo

Yon advèb dekri yon vèsyon, yon adjèktif oswa yon lòt advèb, li di nou kijan, ki kote, ki lè, poukisa ak ki frekans. Men kèk advèb.

KÒMAN / de modo	KI KOTE / de lugar	LÈ /de tiempo
Byen vit.	Nan pak la.	Kounye a.
Volontèman.	Andedan sak la.	Yè / Ayè.
Efikasite.	Deyò boutik la.	Nan yon minit.
Gwo soufrans.	Nan teyat la.	Nan mitan lannuit.
Fasil.	Sou biwo a.	Nan 5 lè nan maten.
An kachèt.	Nan frijidè a.	Anvan solèy kouche.
Dousman.	Nan kay la.	Byento.
Pasifikman.	Toupre pye bwa a.	Demèn si Dye vle.
Malen.	Sou tèren baskèt la.	Jodia /Jodi a.



POUKISA / de justificación /de causa

Paske li te anreta

Kòm tout moun te dòmi

Paske li te fatige

Kòm li te te prese, li ale

Paske li pa t kapab dòmi

Menm jan yo te grangou

Paske li vire twò vit

Paske se te anivèsè nesans li

Menm jan Pyè te fache anpil

FREKANS / frecuencias

Souvan/ frecuente /a menudo

Pafwa /a veces

Chak semèn/ semanal

Chak mwa/ mensual

Toujou /siempre

Pa janm/ nunca

Chak 1 èdtan /cada 1 hora

Raman /casualmente

Souvan/ frecuentemente

Chak ane /anualmente

PREPOZISYON LYE

Al lado derecho tuyo	Bò dwat ou
Adelante / frente	Devan / anfas
Abajo	Anba
Antes	Anvan
Después	aprè
Atrás	Dèyè
Arriba	Anlè
Al lado	Sou kote / bò kote
Por alante	Pa devan
No es a la derecha	Se pa adwat
Vete derecho	Ale tou dwat
Espérame al frente	Tann mwen devan
Al lado derecho tuyo hay una farmacia	Bò dwat ou gen yon famasi
Lejos	Lwen
Por detrás	Pa dèyè
Gira a la izquierda y lo veras	Vire agoch w ap wè li.
¡Adelante soldado!	Annavan solda!
No miras hacia atras	Pa gade dèyè.
Detras de la Puerta	Dèyè pòt la.

KONTRÈ YO/ MO KI OPOZE YO

Bon	Move	Bueno	Malo
Bèl	Lèd	Lindo, a	Feo, a
Piti (Ti)	Gwo	Pequeño, a	Grande
Gra	Sèch (mèg)	Gordo, a	Flaco, a
Do	Fas	Espalda	Frente
Devan	Dèyè	Delante	Detrás
Anwo	Anba	Arriba	Abajo
Viv	Mouri	Vivir	Morir
Kontan	Tris	Contento, a	Triste
Monte	Desann	Subir	Bajar
Byen	Mal	Bien	Mal

PWONON ENDEFINI

Algún, o, a, as, os	Kèk
Cualquier	Nenpòt
Persona	Moun / pèsòn
Lo que sea	Kelkeswa / nenpòt bagay
¡Cualquier cosa, estoy a la orden!	Nenpòt bagay, mwen dispoze pou ou
Dime lo que sea	Di mwen nenpòt bagay
Nadie quiere hablar de eso	Pèsòn pa vle pale de sa.
Nadie	Pèsòn / pyès moun / okenn moun
Ningún, o, a, os, as	Okenn / pèsòn
Cada Vez peor	Chak fwa, pimal
Tiempo / hora	Tan / lè

ADJÈKTIF KALIFIKATIF

Kontan	Feliz	Bon	Bueno
Malere	Infeliz /pobre	Move	Malo
Pòv	Pobre	Rekonesan	Agradecido, a
Rich	Rico	Entèresan	Interesante
Entelijan	Inteligente	Senpatik	Simpático, a
Jantiy	Amable /gentil	Antipatik	Antipático

Saj / Trankil	Sabio, a / tranquilo, a	Fidèl	Fiel
Lwayal	Leal / real / fiel	Respektye	Respetuoso, a
Poze / dousman	Tranquilo, a	Obeyisan	Obediente
Bèl	Lindo, a / bonito, a/ hermoso, a	Rebèl	Rebelde / rebelyon
Sòt / egare	Tonto, a	Jeni	Genioso, a
Engra	Ingrato, a	Agreyab	Agradable
Lèd	Feo, a	Afektye	Afectuoso, a
Kreten	Cretino, a		

KONJONKSYON

- Malgre.
- Depi.
- Avèk, ak.
- Ant.
- Jis, jouk, jiska, jouska, jouskaske.
- Sof.
- Pou.
- Sou.
- Nan.
- Men.
- Donk.
- Pase.
- Kòm.
- Si.
- Akoz.
- Lè.
- San.
- Pandan.
- Tankou.
- Menm si.
- Apre.
- Ni.
- Osonon, oswa, osinon, ou, oubyen.
- Okontrè.

Egzèsis: fè yon fraz an kreyòl ak konjonksyon sa yo:

1. Jouskaske _____
2. Ant _____
3. Depi _____
4. Anvan _____
5. Sof _____
6. Men _____
7. Ak _____
8. Pou _____
9. Sou _____

ADJÈKTIF DEMONSTRATIF

- Ese – eso – esa – este – esto – esta – aquel – aquello – aquella / **Sa**
- Esos – esas – estos – estas – aquellos – aquellas / **Sa yo**
- Allá / **laba**
- Aquí – ahí – allí – acá / **la**

Egzanp:

- Kisa sa ye? ¿Qué es eso? **Respuesta:** Sa se yon
- Kisa sa yo ye? ¿Que son estos? Sa yo se
- Vini la! / Vini m pale w ! ¡Ven aca !

NEGASYON

No	Pa / non
Nunca	Janm / jamè
Jamás	Jamè / pa janm
Tampoco	Non plis
Nada	Anyen
Negativo	Negatif
Negativamente	negativman
Negar	Nye
Jamás lo hare	Jamè, mwen pa p fè sa
Yo tampoco, soy su enemigo	Mwen non plis, li pa èdmi mwen
No tengo nada para darte, que mi amor	Mwen pa gen anyen pou m ba anplis de lanmou mwen

Fòm Afimatif / forma Afirmativa

Mwen kontan
Mwen grangou
Mwen malad
Mwen se Jak
Mwen konnen
Mwen ale Legliz
Mwen vle manje diri
Mwen kapab pale kreyòl
Mwen se etidyan

Fòm Negatif / forma negativa

Mwen pa kontan
Mwen pa grangou
Mwen pa malad
Mwen pa Jak
Mwen pa konnen
Mwen pa ale Legliz
Mwen pa vle manje diri
Mwen pa kapab pale kreyòl
Mwen pa etidyan

PWONON ENTÈWOGATIF YO

A-

Tout mo sa yo se pwonon entèwogatif, fòk nou mete yon pwen entewogatif aprè yo.

Pa bliye

Pou nou poze kesyon nou itilize :

1. Kòman ?
2. Eske ?
3. Ki kote ?
4. Ki moun ?
5. Konbyen ?
6. Kilè ?
7. Ki sa ?
8. Poukisa ?

EGZÈSIS: METE YOUN NAN PWONON ENTÈWOGATIF SA YO NAN ESPAS VID YO:

1. Jacky ap ranje machin nan, men li pa mekanisyen _____ li pa mennen machin nan, nan yon garaj ?
2. Li pa gen anpil lajan , pou tèt sa li bezwen konnen, _____ lajan li dwe genyen pou l ranje machin nan ?
3. Yon lòt pwoblèm Jakòb genyen, machin nan pa kapab demare, _____ li ap fè Mennen machin nan?
4. _____ ki kapab ede li ak pwoblèm sa? Epitou _____ li dwe fè pou li pa pèdi randevou li yo ?
5. Jodi a se dimanch, tout bagay fèmen, _____ li ap jwenn yon mekanisyen ?

Pratike

Kòman ou ye ?

50%

Mwen pa pi mal

80%

Mwen byen

100%

Mwen byen trè byen (gras a dye)

Egzèsis:

Fè yon fraz entèwogatif ak mo ki ant parantèz yo.

Egzanp : (èske / Ayisye) eske ou se Ayisye ?

- 1- (Kòman / lopital) _____
- 2- (Eske / kreyòl) _____
- 3- (konbyen / etidyan) _____
- 4- (Ki lè / rive) _____
- 5- Poukisa / manje) _____

Recuerda: “èske” es un auxiliar interrogativo.

Egzanp:

- Èske ou te manje maten anvan rankont lan? ¿Comiste esta mañana antes del encuentro?
- Èske ou konn pale kreyòl byen?
- Èske ou marye madam Thais?
- Kòman? Kòman ou ye? Kòman ou rele? Kòman pitit ou rele?
- Ki kote? Ki kote ou rete/Ki kote ou sotj/ Ki kote ou prale? ¿Dónde vives / de dónde vienes/ a dónde vas ?
- Kilè? Cheri, kilè nou prale nan restoran an (¿cuándo?)
- A kilè? A kilè nou pral nan biwo a? ¿A qué hora veremos a la oficina?
- kimoun? Kimoun ki responsab pou kominote sa a?
- Ak ki moun? Zanmi m, ak kimoun ou vle pale? ¿Amigo, a con quieres/ deseas hablar?
- Kisa? Kisa ou vle manje jodia? ¿Qué quieres comer hoy?
- Ak kisa? Ak kisa ou prale kòm agiman? ¿Con que tú vas como argumento?
- Poukisa? Poukisa ou pa planifye reyinyon an? ¿por qué no planifiques el encuentro?
- Ki bagay? Ki bagay ki pase ant 2 peyi sa yo? ¿Qué está pasando entre esos dos países?
- Nan kisa? Nan kisa nou ap klasifye achiv sa a? ¿En qué vamos a clasificar este archivo?
- Kijan? Kijan ou ye? Kijan ou santi ou?
- Konbyen? Konbyen kòb viza dominiken an ye? ¿Cuánto,a,os,as?
- Nan ki bò? Nan ki bò ou frape a? ¿En qué lado chocaste?
- Depi kilè? Depi kilè ou nan prizon? ¿Desde cuándo estas en la cárcel?
- Jiskilè/jouskilè/joukilè? Jiskilè sa ap fini? ¿Hasta cuándo terminará eso?
- Kilès/Kiyès? Kilès ou ye? ¿Quién es usted?
- Ki? Ki maladi madam saa soufri? ¿Qué enfermedad sufre esa señora?



MIZIK, TÈKS AK PWEZI

isla / zile
caribe / karayib
cimarronaje / mawonaj
buen vivir / byen viv
diáspora / dyaspora

isla / zile
caribe / karayib
cimarronaje / mawonaj
buen vivir / byen viv
diáspora / dyaspora

haití / ayiti
autonomía / otonomi
descoloniización / dekolonizasyon
afrodescendencia / afwodesandans
república dominicana / repiblik dominikén
reinvención / reyenvasyon
negritud / negritid

haití / ayiti
autonomía / otonomi
descoloniización / dekolonizasyon
afrodescendencia / afwodesandans
república dominicana / repiblik dominikén
reinvención / reyenvasyon
negritud / negritid



Ayiti Cheri

KALI AK ÉMELINE MICHEL

Ayiti Cheri,
Pi bon peyi pase ou nanpwen,
Fòk mwen te kite w,
Pou mwen te kapab konprann valè w,
Fòk mwen te lese w,
Pou mwen te kab apresye w,
Pou m santi vrèman
Tout sa ou te ye pou mwen.
(x2)

Gen bon solèy,
Bon rivyè e bon brevaj,
Anba pye bwa,
Ou toujou jwenn bon lonbraj,
Gen bon ti van ki ba ou bon ti frechè,
Ala yon peyi,
O BonDye se Ayiti.

Lè ou nan peyi blan,
Ou wè tout figi yon sèl koulè.
Nanpwen milatrès,
Bèl marabou bèl grifonn kreyòl,
Ki renmen bèl wòb,
Bon poud e bon lodè,
Ayiti cheri,
Se yon peyi ki beni.



ENTÈVYOU AK ISLANDA

(fragman)

Tèks yo te pran nan: Concepciones agrícolas de Tèt Kole Peyizan Ayisten:
una experiencia de organización desde el campesinado en Pyat, Latibonite, Haití.

Mwen Rele ADUEL Micheline Islanda. Mwen soti nan departman nò peyi Dayiti nan yon komin ki rele Plezans. Mwen gen 27 lane. M etidye Filozofi ak Syans politik, Syans jiridik. M se manm Tèt Kole ti peyizan Ayisyen depi m tou piti. Sa vle di, m jwenn manman m, gran paran m nan mouvman TK. Tèt Kole se yon òganizasyon ki pran nesans depi 1987 apre diktati rejim Divalye yo. Yonn nan prensipal batay l ap mennen se gade pou wè kouman nou ka rive gen yon refòm agrè an Ayiti. Dezyèm objektif TK se pou tout peyizan jwenn tè pou yo travay. Se sa k fè nou pote non : Tèt Kole ti peyizan Ayisyen.

Manman m se moun Plezans natif natal ni papa m. malerezman papa m mouri depi 1998, lè m te gen sis (6) lane. Se manman m ki fè edikasyon m jiskaske m rive nan fakilte. Manman m se yon fanm peyizan, yon madan sara. Paske non sèlman manman m se moun mouvman an, men tou li pratike komès madan sara. Nan ekperyans mwen genyen nan mouvman an epi nan milye riral tou paske m soti nan milye riral, pi gwo pwoblèm moun yo genyen se paske pa gen ankadreman. Pa gen ankadreman, bò kote Leta pa gen ankenn mezi ki pran pou akonpanye peyizan yo... Epi tou lòt bagay yo genyen, yo nan Bondye bon. Lè nou di Bondye bon an sa vle di kisa ? N ap tann Bondye voye lapli pou nou pou jaden yo ka wouze. Pa gen ankenn politik agrikòl Leta mete anplas pou di nan tèl zòn, nan tèl departman n ap fè yon kanal irigasyon. Menmsi lapli pa janm tonbe nan komin sa oubyen nan sekyon kominal sa nou gen yon kote pou nou estoke dlo epi tout peyizan yo ki anba gras ak estokaj sa a ki fèt anlè a yo tout ka jwenn dlo san yo pa bezwen jwenn lapli. Se sak fè nou menm nan TK lòt estrateji nou itilize se fè fòmasyon pou peyizan pa nou yo. TK kwè nan fòmasyon, fòmasyon, fòmasyon pou peyizan yo pou wè kòman nan lantouraj yo, peyizan ki rete nan lòt zòn yo, pou wè kòman y a sove chak rekòt yo fè, se sa ki fè TK toujou fè fòmasyon ni pou fanm ni pou gason, pou wè kòman yo ka sove rekòt yo.

II

Vodou se yon kilti ki pwoteje lanati. Se sa k fè w ap wè egzanp, nenpòt kote w parèt nan peyi a, nenpòt bòkò, kote l rete a plen pye bwa. Ou pa p wè yon bòkò ki ret yon kote ki izole, nan yon tè konsa ki pa gen pye bwa ozalantou l. Gen yonn nan pye bwa ki rele : pye mapou. Yon gwo pye bwa ki toujou bò kay bòkò. Paske bòkò a kwè nan lanati. Bòkò a kwè nan anviwònman. Ki diferan ak pwotestan yo, relijye yo toujou ap di gwo pye bwa ki rele mapou a se satan, se dyab ki ladan li, yo koupe l. E se sa k fè nou nan istwa peyi a gen yon kanpay yo te rele : kanpay rejete, nan lane 1946 sou prezidan ki rele Elie Lescot, prezidan Lescot te mete ansanm ak legliz katolik, fè yo koupe depi se gwo pyebwa sa yo ki rele pye mapou a, pou yo te kab di pye bwa sa yo gen dyab ladan yo, pye bwa sa yo pa bon. Vodouyizan yo te kanpe anfas inisyativ sa a, yo te di non : sa pa ka fèt konsa ! Nou pa ka gen pye bwa, lanati ban nou yon seri pye bwa, pou nou menm di pye bwa sa yo pa bon n ap koupe yo jete. Vodouyizan li menm li renmen lanati, li renmen kilti. Tout kote l ye l ap bat pou l pwoteje anviwònman an. W ap wè nenpòt kote vodouyizan an rete nenpòt koulèv, zandolit, krapo l ap toujou dakò pwoteje yo nan anviwònman, li pa p dakò tiye yo. Sa ki diferan pou moun la ki di li se katolik, li se pwotestan depi l wè koulèv se koupe tè koulèv la, se tiye l paske l se bèt,

koulèv la se djab, koulèv la ap vin manje yo, yo ba li tout vye non pote. Vodouyizan li menm, depi l yon kote, li konsève espas kote l ye a tankou se li menm ki dye pou li, se anviwonman ki dye pou vodouyizan an, chak maten yo jete dlo. Yo wouze yo pou ba yo lavi., yo kwè nan sa kòm vodouyizan.

REVOLISYON AYISYEN

Karaktè soulèvman esklav yo nan pati oksidantal zile a, pou fason yo t ap eksplwate yo, imilye yo, demounize yo, fè yo fè travay fòse, sa te vin debouche sou yon revolisyon ki poko te janm genyen sou latè. Revolisyon Ayisyen an se te premye nasyon nwa ki te rive aboli esklavaj nan Amerik la epi tou se te dezyèm nasyon endepandan nan kontinan Amerik la aprè Etazini.

An 1789, Estrikti ak iyerachi sosyal Sendomeng lan te make paske te genyen anpil mak inegalite ladan l. Nan premye ran ou te jwenn gran pwopriyete blan yo, gran Kolon blan yo, gran boujwa maritim yo. Konsa tou ou jwenn nan menm klas sosyal sa a gran otorite kolonyal yo ak gran machann yo. Yo tout se te fransè.

Après premye klas sa a ou jwenn yon dezyèm klas sosyal ki se ti blan yo, ti milat yo. Yo te konsakre yo nan biwokrasi ak branch komès la. Gwoup milat sa yo se te rezilta linyon kolon fransè yo ak esklav yo. Ti gwoup milat sa yo te sibi yon trètman enferyè parapò ak gran plantè yo, menm si anpil nan yo te genyen anpil byen, yo te menm gen esklav pou sèvi yo.

Nan twazyèm klas la, ou te jwenn Nwa yo. Nwa lib yo ki te meprize poutèt yo te gen koulè po yo ki te nwa, menm ti milat yo te konn imilye yo tou. Gwoup nwa sa yo te reprezante yon 87% nan popilasyon an, esklav sa yo pa t gen okenn dwa. Distans sosyal ki te genyen nan Iyerachi a te vin jwe yon wòl kle nan revolisyon Ayisyen an. Sa pral fè lit esklav yo pral fè a p ap sèlman pou aboli esklavaj la, men tou pou kraze diferan klas sosyal sa yo.

Nan lane 1757, yon gran prèt vodou ki te rele Makandal òganize yon revòl, revòl sa a gen yon kontèks enpòtan pou sa ki pral pase pita... Nan lane 1791, Dutty Boukman, ki te rele tou Zamba Boukman, paske se konsa elèv li yo te konn rele li. Mete ak gran prèt vodou Makandal, ou jwenn yon lòt gran prèt vodou ankò ki te rele Cécile Fatiman, mesye dam sa yo mete tèt yo ansanm, yo fè yon gran soulèvman nan ane sa nan Bwa Kayiman. Bwa Kayiman twouve li nan sidès Kap Fransè a. Ebyen yo tou konsidere semeroni Bwa Kayiman kòm pwen demaraj ki te kòmanse revolisyon Ayisyen an. Nan gran seremoni sa a, yo te rele oubyen entèpele lespri zansèt yo pou ede yo jwenn libète yo, yo te frape tanbou, yo te rive reyini anviwon 12 mil esklav, ant esklav ki t ap travay nan chan yo ak esklav lib yo.

Yon ti tan aprè, Touden Louvèti ki te tabli kòm gouvènè koloni an, te vin pran tèt konba a ak anviwon 1 800 esklav nan pati oksidantal zile a, li vin pran tèt konba a.

Lè Napoléon Bonaparte vin pran tèt pouvwa a nan peyi Lafrans, li te vle retounen ak sistèm esklavajis la ankò nan koloni fransè a, li voye yon ekspedisyon 34 000 solda fransè byen ame ak gwo zam, nan lane 1802. Sepandan, malgre lame sa a te byen ekipe, te anpil, te gen eksperyans nan lagè, lespri libète ki te genyen nan mitan esklav yo pou yo te soti nan esklavaj la, fè yo pran detèminasyon pou viv lib oubyen yo mouri. Yo te gen kòm chèf yo Touden Louvèti, yo batay kont fransè yo, yo touye yo, chase yo sou tèritwa Sen-Domeng lan. Konsa, yo delivre anba gwo puisans lame Bonaparte la. Yon ti tan aprè, yo arete Touden

Louvèti mennen nan peyi Lafrans jous li mouri.

Anpil lane pita, patizan Touden Louvèti yo kontinye batay la. Konsa, nan dat ki te 1ye janvyè 1804, ak apui epi gouvènans Anperè Jan Jak Desalin ki te li menm tou esklav, yo rive pran endepandans yo ak eslogan sa a "libète oubyen lanmò". Mesye yo fin pran endepandans yo, yo rache moso twal blanch ki te nan drapo fransè a, yo kole nwa a ak wouj la, yo flote drapo nwa ak wouj la anlè, konsa yo pran endepandans yo anba men Lafrans epi mete yon fen ak sistèm esklavajis la. Nan lane 1805, Konstitisyonèlman, yo rele nasyon an "AYITI" selon jan sa di nan mo Arawak la.

EGZÈSIS: VRÈ OUBYEN FO? (JISTIFYE REPONS LAN)

1. Se te Touden Louvèti ki te òganize revolisyon 1791 lan? _____
2. Se milat yo ki te fè revolisyon Ayisyen an? _____
3. Revolisyon Ayisyen an te kòmanse nan lane 1804. _____
4. Esklav Sendomeng yo te jwenn endepandans yo anba men Lespay. _____
5. Se ak Jan Jak Desalin Sendomeng te deklare endepandans li. _____

EGZÈSIS: REPONN KESYON SA YO:

1. Nan ki lane revòl Makandal la te rive ? _____
2. Èske moun nwa ki te lib yo pa t konn resevwa mepri poutèt koulè po yo ? _____
3. ki jou revolisyon ayisyen an te deklare ? _____
4. ki orijin mo "AYITI" a ? _____
5. ki moun ki te vle koloni fransè a retounen nan esklavaj ? _____

KI WÒL MIZIK JWE NAN RELIJYON VODOU A?

(fragman)

Jamenson Francisque .

Tèks yo te pran nan: Ki wòl mizik jwe nan relijyon Vodou a? – AyiboPost

Nan vodou a, mizik se prensipal mwayen pou transmèt konesans

Mizik se yonn nan mwayen pou transmisyon kwayans vodou, soti nan yon jenerasyon ale nan yon lòt. Genyen 401 lwa ofisyèl nan Vodou ayisyen an. Pou chak antite sila yo, genyen yon kantite mizik.

Erol Josué se direktè Biwo nasyonal etnoloji. Li se chantè, dansè, epi se yon pratikan relijyon vodou. Dapre li menm, repètwa mizik vodou yo anpil. « Pèsonèlman, mwen konnen plis pase 5000 chante vodou. Mwen ka bay 25 chante sou Ogou, sou Lasirèn, elatriye. Nan yon seremoni, tou depan ki Lespri ki la, ou ka chante omwen 5 chante pou li menm sèlman. Si li rete pandan inèdtan pa egzanp, ou ka chante pandan tout tan

an. »

Dapre direktè biwo nasyonal etnoloji a, ki pral soti yon albòm mizik, vodou a plis ke yon senp relijyon ; li se yon fason pou viv. Se pou sa mizik enpòtan ladan l. « Filozofi yon mizik vodou ka suiv ou lontan. Li ka la pou yon jou, li ka la pou anpil tan. Lè konsa nan tout sa w ap fè ou eksperimante mizik sila a. Mwen menm pa egzanp mwen gen mizik ki mache ak mwen pou lavi m, paske m se yon konbatan. Mizik sa yo bay fòs. »

Rit, sans ak son

Mizik vodou yo anpil, men yo chak koresponn a yon divinite osnon yon sitiyasyon. Repètwa Vodou a divize an 3 gran rit: rada, kongo, petwo. Chak rit sa yo gen lwa pa yo, ak mizik pa yo. Rit rada a ak kongo a, dapre Erol Josué, soti an Afrik. Se esklav yo ki te vini ak yo pa bò isit. Men rit petwo a ka konsidere tankou yon rit kreyòl.

« Vodou a genyen yon seri onomatope, dapre Erol Josué. Se yo menm ki kòmanse tout mizik, ak tout seremoni. » Se pou sa kèk mizik kòmanse ak mo ki di : « Bila bila kongo, lè bouda fache kote l chita, atè. » Dapre Erol Josué, bila bila kongo a se yon fason pou salye, nan rit Petwo a. Nan lòt rit yo, gen lòt tip fòmil. Pa egzanp, nan rada a yo di “Ayibobo”, nan kongo yo di “Swa kongo”. Se nan rit petwo a ki genyen yon onomatope tankou “Bilolo”.

ÈZILI O

Èzili o a achane lwa mwen
Danbala Wèdo sa rèd o
Èzili o achane lwa mwen
Danbala Wèdo sa rèd o
M pa manje anana m pa fimèn sigarèt
M pa manje anana m pa fimèn sigarèt
M pa manje kokoye Kouman lajan m fè manke? (4)

Azaka
Travay m ap travay o...
Kouzen Zaka, m ap travay avè w tande.
Travay m ap travay o...
Zaka Mede, m ap travay avè w tande.
Kouto digo m nan men m,
Djakout mwen sou do m,
m ap sekle.
Kouto digo m nan men m,
Vye ralfò m sou do m, m ap sekle.
Jou m g on fanm, l ale kite m,
Demen, m ap jwenn yon lòt o...

Travay m ap travay o...
Kouzen Zaka, m ap travay
avè w tande...
Travay m ap travay o...
Zaka Mede, m ap travay

avè w tande.
Kouto digo m nan men m,
Djakout mwen sou do m,
m ap sekle.
Kouto digo m nan men m,
Vye ralfò m sou do m, m ap sekle.
Kouto digo m nan men m,
Vye ralfò m sou do m, m ap sekle.
Jou m g on fanm, l ale kite m,
Demen, m ap jwenn yon lòt o...

Travay m ap travay,
M ap travay avè w.

Zaka mete m travay (x2)
M pa t panse si m te ka fè travay sa yo
Zaka mete m travay,
La, nan bitasyon mwen.

M ap travay avè w.
(x2)

Kouzen, m ap travay avè w tande.
Kouzen, kouzen m ap travay
avè w tande. (x4)

ZAPATISMO AK PRENSIP LI YO

1ye janvye 1994, yon mwa aprè yo te kòmanse pratike lib echanj kòmèsyal nan Nò-Amerik la (ALENA /AKÒ LIB ECHANJ NÒ-AMERIKEN), de mil gason ak fanm endijèn (OTOKTÒN) yo te deklare lagè kont Eta Meksiken an. Soti nan pwofondè eta Chiapas la, se la lame Zapatist lan soti, epi se lame sa a ki pral bay Liberasyon Nasyonal la. (EZLN / ETA ZAPATIST LIBERASYON NASYONAL).

Depi lè sa a, li te yon mouvman òganize, pa sèlman ame, men tou, sivil. Yo bati yon kominote minisipal otonòm nan domèn : sante, edikasyon, pwodiksyon ak òganizasyon. Otonomi minisipal ak zòn sa yo soti nan afè sante, edikasyon, pwodiksyon ak òganizasyon.

Youn nan kontribisyon li yo se te denonse rasis yo, majinalizasyon ak abandone pèp endijèn yo nan Meksik. Jodi a mouvman Zapatist lan, se yon referans enpòtan pou tout moun k ap fè lit nan mond lan. Pou bati pwòjè politik yo, yo baze sou sèt (7) prensip:

- **Obeyi men pa kòmande**

Moun yo gen pouvwa pou revoke prezidan ki pa akonpli fonksyon li konplètman, nan nenpòt ki moman. Gouvènman an reponn ak bezwen chak kominote oswa chak lokalite san se pa gouvènman an ki deside ki pi bon fason pou kominote a viv lavi li, tou senpleman gouvènman an ranpli, òganize epi fè bon jan planifikasyon pou kominote a. Nenpòt moun ki vle gouvènè a, dwe kapab obeyi ak règleman epi volonte pèp la.

- **Reprezante men pa mete w pi wo, pa piye.**

Prensip tout gouvènman an, rezime nan reprezantasyon yon volontè. Reprezantan yo dwe sou yon baz wotasyon, menm si yo pa sèvi ak yon moun, li pa dwe wè tèt li kòm yon enpozisyon, men pito kòm yon moun ki ap bay kominote a sèvis. Sa vle di w ta yon opozan oubyen non, travay nou tout gen menm enpòtans lan pou byen kominote a.

- **Desann men pa monte tèt ou.**

Zapatist pa aspire nan pran pouvwa, paske yo konnen se pèp la ki bay pouvwa. Pou konstui yon meye kominote, se mete konesans ak teknik nou disponib pou sèvis sosyete a, aksepte nenpòt travay ou ta genyen an, li gen menm enpòtans nenpòt travay nan yon biwo piblik ka genyen.

- **Sèvi men pa kite yo sèvi w.**

Koperasyon nan biwo piblik menm jan ak nan nenpòt aktivite. Sa mande yon egzijans solidarite. Sèvi kominote a se pa yon pwosesis biwokratik oswa peye w pou yon travay, sinon, se yon ekspresyon kolektivite.

- **Konvenk men pa kite yo venk ou.**

Prensip fondamantal pou kreyasyon yon monn nouvo. konpetisyon elektoral ak kanpay ki pa reprezante anyen pou enterè reyèl pèp la, pa gen okenn itilite. Nouvo politik la fèt atravè konviksyon, men se pa ak desizyon yon moun kèlkonk.

- **Bati men pa detui**

Konstriksyon yon nouvo monn pa gen okenn enstriksyon; ni Zapatis ni okenn lòt moun pa gen verite, oubyen kapasite pou chwazi ki fòm gouvènman ki pi apwopriye a, swa pou chak pèp oubyen chak nasyon, ki ta pi byen entegre reyalite a pase Amerik Latin nan epi rès monn lan.

- **Pwopoze men pa enpoze**

Fache ak politik ki ap domine sou sosyete a, mande yon chanjman radikal. Pwopoze atravè aksyon yo anplis mo yo, aji nan akò ak reyalite epi objektif sosyal la, se yon maksimòm chak moun ak chak manm nan gouvènman an bezwen fè pou reyalize yon transfòmasyon nan sosyete a.

EGZÈSIS: RELYE 2 KOLÒN SA YO.

● Konstui men pa detui	A) sèvi kominote a mande aksyon solidarite ak anpil devouman.
● Pwopoze men pa enpoze	B) Reprezantan pèp la dwe sou yon baz de wotasyon
● Sèvi lòt moun men pa kite yo sèvi w	C) Politik la dwe fèt ak konviksyon.
● Obeyi men pa kòmande	D) pa gen moun ki gen verite ak kapasite pou chwazi ki pi bon fòm gouvènman pou moun adapte.
● Reprezante men pa piye	E) Se sèlman pa aksyon ak bèl pawòl nou kapab transfòme sosyete a.
● Desann men pa monte tèt ou	F) Se pèp ki bay pouvwa.
● Konvenk men pa kite yo venk ou	G) Gouvènman an la, sèlman pou reponn ak bezwen kominote a.

« DAYIVA »

Évelyne Trouillot,
 M ap fè yon bo pou Lasirèn
 Chapo m tonbe nan lanmè
 M ap fè karès pou Labalèn
 Chapo m tonbe nan lanmè.



LIT AKTYÈL YO NAN AYITI

Depi fevriye 2019, te gen anpil manifestasyon prèske tout tan an Ayiti, menm si medya entènasyonal yo pa t konn pran manifestasyon sa yo an konsiderasyon. Rezon pil manifestasyon sa yo te vrèman divès : yon pati t ap manifeste kont gouvènman an pou zafè kòb “Petro Caribe” a, kote popilasyon an akize gouvènman an pou detounman fon, gagòt ak gaspiyaj yo fè ak kèk milya dola ameriken nan pwogram petwole Venezelyen a, ki rele “Petro Caribe”. Anvan, Fon sa a te konn itil pou fè devlopman enfrastrikti, pwogram sosyal, swen lasante ak edikasyon. Yon lòt pati nan manifestasyon yo se pou kriz ekonomik k ap fini ak peyi a. Yo estime anviwon 2,6 milyon Ayisyen ap souffri ak ensekirite alimantè a, ak yon enflasyon 15%, yon defisi 89,6 milyon dola ak yon lajan k ap devalye rapidman.

Pèp ayisyen an, sitou Jenès ayisyen an, antreprann yon seri mobilizasyon tou, pou egzije depa prezidan Jovenel Moïse nan tèt pouvwa a, malgre tout pwotestasyon pèp la ak jenès la, prezidan an toujou rete sou pouvwa a. Moïse te pran pouvwa a nan fen 2016, aprè yon eleksyon kote pat gen plis pase 21% nan popilasyon ayisyen an ki te patisipe. Ta dwe genyen eleksyon nan lane 2020 an, pa t genyen. Se konsa tou, gouvènman Jovenel Moïse la ki ta dwe fini nan mwa fevriye 2020 an kontinye rete sou pouvwa a. Li menm te gen yon pouvwa ki pi fò piske manda palmantè ki te eli nan lane 2016 yo te fini.

Malgre jan manifestan yo nan represyon an te parèt sevè pou zafè kriz ekonomik ak politik la, pa genyen okenn chanjman jous koulye a. Sa fè pèp ayisyen an rete sou beton an ak yon raj ki diy pandan y ap kontinye chèche yon chanjman ki ka dire lontan...

LAKOU TRANKIL

BelO

Si ou vle gran kou elefan,
Mete w piti tankou ti founi.
Si ou vle gouvèn lakou sa,
Li gen règ li fò w obeyi l.
Si tout bon ou vle sa chanje frè m,
Se pou w montre bòn volonte w.
Ou mande pou dwa w respekte,
Tandiske w pa respekte pa m.

Fò w konn dwa m kòmanse
kot dwa paw fini.
E dwa pa w fini kot pa m kòmanse
non, non, non...
Dread nati dread locks,
Nou vle chanjman,
Nou pa vle gè,
Nou vle lapè



oh non, non...
Dread nati, dread locks,
Nou vle pou sa chanje,
Pou lakou a ka trankil, trankil.
Nou vle lakou a trankil.
Fòk lakou a vin trankil!

Gad kijan lakou a kraze,
Dwa timoun yo pa respekte,
Moralite pa egziste ankò,
Menm timoun yo pa anvi jwe.
Anbisyon fè nou inyore
Prensip debaz yon sosyete.
Trayizon fè nou neglije
Prensip granmoun mouri kite.
Si tout moun pa ka deside ansanm,
Ying-Ying, diskòd nan lakou a yeah.
Se va yon devwa pou tout rasta man,
Pou mete lòd, mete lòd, mete lòd, yeah.

Dread nati, dread locks,
Nou vle chanjman,
Nou pa vle gè,
Nou vle lapè, nou vle lapè,
non, non...
Dread nati, dread locks,
Nou vle pou sa chanje,
Pou lakou a ka trankil, trankil.
Fòk lakou a vinn trankil!
Nou vle lakou a trankil, trankil.

Choubidoubidou yeah...

Dread nati, dread locks,
Nou vle chanjman,
Nou pa vle gè, non...
Nou vle lapè, nou vle lapè, non...
Dread nati, dread locks,
Nou vle pou sa chanje, Yeah...
Trankil, trankil...
Nou vle lakou a trankil.
Fòk lakou a vin trankil !
Trankil, Site Solèy, trankil, moun Bèlè trankil, trankil...



LIT « MAPUCHE » A

Mo « Mapuche » vle di « pèp tè sa a » nan mapudungun, lang mapuche a. Se pi gran pèp endijèn nan kòt Sid la, ki rete nan pati santral ak nan pati Sid peyi Chili, an patikilye rejyon Araucanía ak yon pati nan peyi Ajantin

Nan sèzyèm syèk la, yo te byen trankil nan peyi yo pandan yo tap selebre, sa yo te rele “Ocupación de la Araucanía” ak “Konkèt nan Dezè a”. Eta Chilyen an te fè yon gwo beny san nan peyi a, se konsa pita yo vann yo kòm esklav ak kolon etranje yo, sitou ak Alman epi Italyen yo.

Vizyon mond lan pou pèp sa a, ale pi lwen pase yon espas tè fizik. Bagay sa a vin genyen yon gran siyifikasyon istorik, ansestral epi relijye. Yo te debaba pèp Mapuche a, non sèlman nan teren yo te genyen men tou, nan vizyon kòsmòs yo ak pratik zansèt yo te kite pou yo.

Se poutèt sa nan lane 1930, pèp Mapuche a te kòmanse òganize yo yon fason pou yo te egzije otonomi jiridiksyonèl yo (konplètman), repare tè zansèt yo, libète ekonomik ak pwodiktif yo, ak rekonesans yon idantite kiltirèl.

Malgre represyon nan Leta a, menas yo te pèmanan nan tradisyonèl yo. Pou kontinye pran peyi a, pèp Mapuche a reziste, ak yon santèn òganizasyon ak pwopozisyon politik, ki se yon bon egzanp rezistans pou tout moun nan Abya Yala.

JEAN PRICE-MARS

Li se te yon doktè ayisyen, politisyen, diplomat, ekriyen, pedagòg, pwofesè epi etnograf ayisyen, yo te konsidere li kòm youn nan prensipal moun ki t ap panse pou Karayib la nan ventyèm syèk la.

Nan travay li, li te kenbe drapo a byen wo an Ayiti nan mouvman “moun nwa/ le noisseur”, ki “te dekouvri” epi li te reklame valè rasin sosyete Afriken yo nan sosyete ayisyen an.

Price-Mars se te premye defansè vodou, li te konsidere vodou tankou yon espiyalite konplè, “yon bagay ki gen anpil divinite, yon sasèdòs, yon teyoloji ak yon bon moral”. Li te pale kont ideyoloji dominan an, ki fè kilti Ewopeyen an domine nan Amerik la, mete sou kote eleman ki pa blan, ki pa nan kilti oksidantal Ameriken an. Nasyonalis Ayisyen li an te baze sou, idantite kiltirèl ki nan kontribisyon esklav yo.

Li te pwente yon tèm kolektif “bovarism” pou dekri idantifikasyon elit Ayisyen an ak pati Ewopeyen an epi ki rejte eritaj zansèt Afriken yo.

An 1941, li te fonde Enstiti Etnoloji a. Travay ki pi eksepsyonèl li yo se : «La Vocation de l’élite (1919); Ainsi Parla l’Oncle: Essais D’Ethnographie (1928); Formation ethnique, folklore et culture du peuple haïtien (1939); La République d’Haïti et la République Dominicaine (1953) »

Li te mouri nan Petyon-vil, nan dat ki te 1e mas 1969.



MINGA ENDIJÈN NAN (KOLONBI)

Kisa Minga endijèn nan ye?

Minga Endijèn nan Kolonbi te pran nesans nan lane 2008. Mouvman sa a se rezilta yon seri demach ak manifestasyon ki te gen anviwon 15 000 pèp otoktòn, prensipalman pèp Lanasa ki te vrèman mobilize nan divès depatman nan peyi Kolonbi. Prensipal rezon diskisyon sa a, se paske kominote otoktòn nan t ap fè revandikasyon yo pou mande gouvènman an pou l reponn ak pwomès li te fè yo, depi nan ane 1991. Te gen kèk lòt bagay ki te atire atansyon manifestan yo tou se : asasina, anlèvman oubyen disparisyon ak depasman fòse kominote endijèn yo t ap viktim anba men aktè byen ame kolonbyen yo.

Mo "minga" a soti nan mo quechua (mik'a) ki vle di « travay kolektif ki fèt an favè kominote a. Li soti nan konesans pèp yo te genyen nan lide pou yo te mete byen yo ansanm, kote yo fè sikile mo a, kote moun panse, kote moun yo konstrui yon klima pou byen viv.

Konsèy rejyonal endijèn Cauca (CRIC/ Conseil régional indigène du Cauca) pran nesans nan Sidwès Kolonbi. Se premye gwoup moun ki te itilize Minga a depi yon demi syèk, yo itilize li pou rekipere tè yo ak defann teritwa zansèt yo epi rekipere espas lavi kominote otoktòn yo.

Minga a genyen Gadyen endijèn, òganism zansèt ki la sèlman pou rezistans lan, yo gen gwoup inite ak otonomi tou ki la pou defann yo, epi bati plan lavi pou kominote endijèn yo. Se pa kesyon estrikti lapolis, men pito se yon mekanis mounite ak rezistans sivil yo, ki te pran nesans nan kòmansman ane 2000 la.

Kounye a, Minga a jwi yon rekonesans nasyonal ak entènasyonal kòm yon egzanp òganizasyon otonòm, pasifik, nan yon solidarite ki pataje, ki prèt pou dialoge ak tout moun, marande ak lòt mouvman sosyal epi fè gouvènman Kolonbyen yo tranble.

OKAZYON POU PALE : KREYÒL AYISYEN

***La ocasión de hablar : kreyòl haitiano**

(fragman)

Tèks yo te pran nan: Concepciones agrícolas de Tét Kole Peyizan Ayisten:
una experiencia de organización desde el campesinado en Pyat, Latibonite, Haití.

*Quieres reducirme al tartamudeo,
Ou vle fè m bege,
yo voy a sistematizar el tartamudeo, ya veremos si logras entender.
M ap sistematize bege a, m ap wè si w ap konprann.*

E. Glissant

*Calibán a Prospero:
Me enseñaste a hablar,
Ou te aprann mwen pale,
Y mi provecho es que sé maldecir.
Epi avantaj mwen: mwen konn jire.
¡La peste roja te lleve por enseñarme tu lengua!
Lapès wouj monte w paske w aprann mwen lang ou a!
-La Tempestad- de William Shakespeare*

Chwa kreyòl kòm yon kategori pou analize se yon cheminman pou moman an nou pa ka konprann, an 2016 yon elèv te ban m "'devwa l'", nan moman sa li te menm pi nòmal pou mwen pa konnen kèk mo, mwen te mande elèv la eksplike yon mo paske mwen pa t kapab konprann, li te avèti m ak anpil jantiyès

mwen pa t ap ka konprann paske li pa t nan Kreyòl, li te nan franse! Mwen te ale nan telefòn pou tradui, men mo a pa t egziste. Mwen retounen kote etidyan an, li te reponn mwen: "non, ou p ap jwenn li paske li nan fransè, men li ekri nan kreyòl".

Pou Fanón (1980) pale yon lang se asime yon mond ak bagay abstrè ki reprezante mond lan, atravè etid lang nan li posib pou konnen yon moso nan mond lan kote lang nan fè pati, paske gen yon relasyon kote lang nan bay kominote a sipò.

Nan yon entèvyou ak Ary Régis, pwofesè fakilte kominikasyon nan Inivèsite Leta Pòtoprens lan, li fè remake kreyòl la soti nan bezwen pou nonmen reyalyte Mawon an e kidonk li kenbe pratik ki fè li a:

"se yon lang ou pa ka kenbe". Nou ta ka di nan orijin li, lang sa a pa reponn a yon konvansyon abstrè, li se yon kominikasyon dirije ki pran eksperyans nan divès pèp Afriken. Pou Régis langaj sa a bay plizyè koulè, anpil son ki gen rapò dirèk ak yon santiman se sa ki fè kreyòl la (nan enkyetid pou pale sou reyalyte a) chaje imaj (A. Régis, kominikasyon pèsònèl, 19 novanm 2019).

Raphaël Confiant (2013), fè remake lang kreyòl yo parèt nan Karayib la nan kòmansman 18tyèm syèk. Selon nati kreyòl yo, kreyòl ayisyen an andojèn natif natal, sa vle di li fèt nan teritwa a menm. Dapre vitalite yo, kreyòl yo divize an sa k ap viv, sa k an kriz oswa mouri, kreyòl ayisyen an se yon kreyòl k ap viv. Pou otè sa a, kòz kreyolizasyon lengwistik yo soti nan kondisyon sosyo-politik ak sosyo-ekonomik ki te devlope nan kolonizasyon an. Divizyon ak diferans nan ekspresyon ak kominikasyon ant diferan kominote yo, se yon bagay fondamantal nan kreyasyon yon lang Kreyòl. Nan ka Ayiti a, otè a di pèt langaj orijin nan te wo, ekspozisyon a lang kolon an te piti.

Pou matnikè Jean Bernabé, Patrick Chamoiseau ak Raphaël Confiant (2013), gen yon kilti Kreyòl kote oralite a gen yon kondisyon privilejye, ki bay istwa, pwovèb, mizik, elatriye, epi se nan domèn oral kote nou jwenn entelijans, lekti ak vizyon mond lan. Oralite nan kreyòl se temwanyaj entelijans kolektif yo aplike pou fè rezistans.

Nan sans sa a li trè nesèsè pou nou sonje lang kreyòl yo gen yon fonksyon ki depase sikui kominikasyon an, dapre Glissant (2017) "Retou a se obsesyon "Youn": li pa nesèsè pou nou chanje sa nou ye a. Retounen se konsakre pèmanans lan, ki pa-relasyon."

Ary Régis mete kreyòl la "kòm yon fason pou antre nan relasyon", sou itilizasyon li ou pa, sa depann de konfyans lan. Pale kreyòl se yon kalite akseptasyon nan toulède direksyon yo (soti nan yon moun ki pa ayisyen ki pale kreyòl rive nan yon ayisyen ki pale oswa reponn an kreyòl). Lang sa a se oubyen ta dwe premye fenèt pou gen "aksè" ak yon pratik ki pa rasis. Apwòch sa a chita sou pwen sa yo:

- Se yon langaj mawon ki vivan;
- Li transfòme tèt li;
- Ensiste sou emosyon, men pa sou abstraksyon;
- Itilize li oubyen pa itilize l, se yon desizyon.

Pou Glissant (2017) kreyòl ayisyen an te vin yon lang responsablite pwodiktif an Ayiti epi sa te pèmèt li simonte Retou a. Pou otè sa a, Devyasyon an se yon dènye rekou nan yon popilasyon domine, men dominasyon sa a parèt kamoufle nan yon mòd asimilasyon; lang Kreyòl la se premye jewografi Devyasyon an epi nan mo otè a sèlman an Ayiti, yo te rive sove anba objektif orijinal la. Jean Casimir (2019) mansyone pou anpil moun ak entelektyèl, kreyòl se yon kalite franse kreyolize oswa yon dialèk nan lang sa a, sepandan li trè enpòtan pou byen konstate Kreyòl te egziste anvan franse.

Nan menm lòd sa a nan lide pou reprann pawòl Casimir yo, nou ka di Kreyòl sosyolengwistikman rete nan yon lòd lide ki vin anvan ras kòm yon kategori mantal nan modènite. Se poutèt sa li konsolide tankou yon pratik ki pa rasis, moun ki aprann Kreyòl epi eseye mete li nan panse w, ou pral gen pou fè gwo efò pou montre, limite ak karakterize sou koulè po.

MOUVMAN MAWONAJ LA

Malgre mo mawonaj la pou kolonizatè yo te gen rapò ak bèt domestik ki t ap kouri al kache nan mòn yo, mo sa a te vin tounen yon konsèp politik ki gen referans a rezistans nwa yo.

Nan premye ane kolonizasyon yo, te gen yon ti fòm mawonaj ki ta sanble ak yon sovtaf endividyèl, sabotaj nan zouti ak machin y ap itilize pou travay yo, ralantisman nan travay oswa fè travay la yon fason medyòk, se te youn nan rezon ki te konn fè esklav yo kite kay yo, jaden yo, plantasyon yo pou ale kache nan mòn yo, nan yon fason kolektif. Se te yon estrateji konba.

Rive sou mòn yo, esklav yo te fòme yon ti sosyete ke yo te vin rele "Nèg Mawon, oubyen mawonaj".

Pou popilasyon afwodesandan an, mawonaj la vle di yon "lit pou lavi", rekanpe yon mond nouvo anplis monn modèn nan. Se yon rezistans ak sistèm kolonyal la ki gen pou finalite konstui yon pwojè liberasyon.

Egzèsis: Ekri

Ekri yon ti paragaf pandan w ap itilize mo sa yo : Nwa, libète, lit, endepandans, esklavaj, kolonizasyon, popilasyon, mawonaj.

AFRIK AP VIV NAN MWEN

Nan chante sa a , kòman yo di mo ki souliyen nan tèks la nan kreyòl?

África Vive en Mi / Afrik ap viv nan mwem

Chante Xiomara Fortuna (Repiblik Dominiken)

Camina camina _____

Camina camina _____

Marche marche

África por toda la tierra marche marche _____

Con un toque de misterio marche marche

Con todos sus muertos acuestas marche _____

Y en un tambor su secreto marche marche _____

Y en un tambor

Camina camina la vida te pertenece _____

Marche marche

La vie est pour toi marche marche

África madre de la vida marche marche _____

De dolores y alegría marche marche _____

De puertas que dan al camino marche marche _____

Y en un tambor su destino marche marche _____
 Y en un tambor
 Arrastrando la cadena me trajeron Pa' ete lao _____
 Por más que siempre han querido no lo he podido olvidar _____
 Tengo una abuela africana. _____
 Tengo un abuelo español
 Una cicatriz taína
 Y caribeña soy hoy _____
 Camina camina
 África vive en mi
 Camina camina
 África vive en mi _____

BERTA CÁCERES

Diskou BERTA CÁCERES nan Kay Opera, San Francisco California pandan li t ap resevwa REKONPANS GOLDMAN ANVIWÒNMANTAL, Avril 2015.

1. Selon vizyon kòsmòs nou, nou konprann mond la konsa : nou tout soti nan tè a, nan dlo ak mayi.
2. Depi nan tan ansyen, nou se gadyen rivyè yo, pèp Lenca pwoteje gras ak.
3. Espri sa yo ki nan jèn tifi yo, ki ap aprann nou lè nou kapab bay lavi nou nan plizyè fason pou nou.
4. Defann rivyè yo ak lanati. Lè nou fè sa, nou bay lavi nou pou byen limanite epi pou sove planèt la.
5. COPINH, mache ak lòt pèp pou I kapab ratifye liberasyon li epi ratifye.
6. Angajman pou kontinye defann dlo a, rivyè yo ak tout byen komen nou genyen,
7. Lanati menm jan ak dwa nou antanke pèp.
8. Reveye nou ! Reveye nou Limanite ! Paske, pa genyen tan ki rete ankò.
9. Konsyans nou genyen pou ebranle paske n ap kontanple.
10. Otodestriksyon nati a, ki te fonde sou lòd kapitalis, rasis epi patriyakal yo.
11. Rivyè Gualcarque ap rele nou, menm jan an tou, li ap rele lòt yo ki seryezman.
12. menase. Nou dwe retounen.
13. Tè militarize, klotire, anpwazone, kote yo te vyole yo.
14. Sistematikman dwa elemantè yo fè nou obligasyon aji.
15. Ebyen, annou konstui kèk sosyete ki kapab byen viv ansanm nan yon fason ki jis, diy epi.
16. Pou lavi.
17. Ann rasanble pou nou kontinye defann epi pran swen san tè nou yo.
18. Ak lespri yo.
19. Mwen dedye prim sa a bay tout rebelyon yo, manman mwen, nan pèp Lenca la, nan Rivyè blan.
20. ak tout moun ki te matirize, maltrete nan defann byen natirèl yo.



Nou jwenn tèks sa nan:

<http://www.liberaradio.com/discurso-de-berta-caceres-asesinada-ayer-al-recibir-premio-ambiental-goldman/>

Egzèsis: reponn kesyon sa yo:

1. Kimoun ki se ansyen gadyen rivyè yo? _____
2. Nan liy 8 la, kisa limanite dwe fè? _____
3. Daprè liy 17 la, kisa nou dwe fè? _____
4. Nan liy 19 la, kisa mo rebelyon an vle di? _____

KANAVAL AYITI

Kanaval Ayiti se yon aktivite popilè kote tout moun pran beton an pou yo di tout sa yo panse epi pran plezi yo tou.

Nan gran aktivite sa a, tout gwoup mizik peyi a envite pou yon defile nan vil Pòtoprens.

Nan kanaval nou tande tout kalite mizik tankou : konpa, rasin, rap, ipòp, bann a pye tou. Se moman kote tout moun yo pale de tout pwoblèm peyi a tankou : pwoblèm politik, ekonomik, sosyal ak kiltirèl. Se yon gran manifestasyon kote menm moun ki pa kapab soti yo koute mizik moman an nan radyo, nan televizyon epi chache entèprete chak moso ak reyalyte peyi a ap travèse.

Après kanaval, gwoup ki te pi byen dekore a resevwa yon prim epitou gwoup ki dezabiye peyi a nan chante li a tou jwenn meyè prim nan. Otorite yo ranje prim yo nan chak kategori mizik yo: konpa, rasin, rap, ipòp, etc.

Nan vil kote ki genyen pi bèl mas lè genyen kanaval Ayiti se nan vil Jakmèl. Se poutèt sa yo konsidere vil sa a kòm vil kiltirèl ak vil touristik peyi a.

RELIJYON AYITI

Ayiti se yon peyi ki genyen anpil relijyon : katolik, pwotestan, vodou, temwen Jewova elatriye. Men twa relijyon ki genyen plis moun nan peyi a se Katolik, pwotestan ak vodouyizan.

Jodia nou genyen anpil pwotestan nan peyi a ki redui senpatizan legliz katolik yo. Men pou vodou a, genyen anpil moun ki panse se yon relijyon ki fè mal. Se pa vre ! Se yon politik malen lòt relijyon yo genyen kont vodou ki fè anpil moun panse li konsa.

Vodou a te la depi anvan peyi a te pran nesans epi mesye yo te itilize rityèl sa tou nan Bwa Kayiman ak tanbou, banbou pou te evoke lespri ki te kapab ede yo batay kont blan fransè yo. Se te kwayans yo ! Menm rityèl sa toujou rete nan lespri nasyon an ki fè gen yon gwoup moun ki toujou pratike relijyon zansèt nou yo kite pou nou an.

Si ou pa pratike vodou, ou pa dwe pale li mal paske tout relijyon genyen bon kote epi genyen move kote tou. Ann respekte kwayans lòt la konsa nou tout va viv nan lapè.

SI NOU PA CHITA SOU MENM BIT...

Franketienne

Si nou pa chita sou menm bit

Nou pa ka wè laplèn menm jan

Si nou pa chita sou menm tèt mòn

Nou pa ka wè degenn lakansyèl sou menm kadans

Si nou pa p gade lorizon nan menm linèt

Nou pa ka wè totalito lalin sou menm woulib

Si nou pa kanpe menm bò menm kote

Nou pa ka wè laviwonndede larenn solèy sou menm konpa

Si nou pa p gade nan menm miwa nan menm pozisyon

Nou pa ka wè menm imaj

Si nou pa p brase menm chodyè

Nou pa ka pran menm sant

Si nou pa p separe menm manje

Nou pa ka pran menm gou sou pwent lang nou

Si nou pa tandè menm son menm kout tanbou menm mizik

Nou pa ka danse menm jan ni sou menm rit ni sou menm pye

Depi nou kontinye mache gaye ak vye jès depaman

Nan rapousuiv lonbray lafimen

K ap fè valeryann mi wo mi ba tribò babò

Nou pa pral okenn kote.

MIGRASYON

Yo tradui migrasyon kòm depasman moun ki soti yon kote pou ale yon lòt kote, nan yon peyi pou ale nan yon lòt. Rezon ki konn lakòz moun kite peyi yo pou ale viv lòt peyi, kite yon vil pou ale viv nan yon lòt se pwoblèm : politik, sosyal, ekonomik oubyen rezon pèsònèl tou.

Egzèsis : Reponn kesyon sa yo :

- Èske ou te imigre yon jou ? ki kote ou te ale ?

- Èske ou te soufri imilyasyon, pwoblèm rasyal oubyen lòt ?

- Ki bon kote ak move kote ki genyen lè w se yon imigran?

FANM YO

1.-Domitila Barrios	<input type="checkbox"/> Li se yon sosyològ ayisyen. Li te ekri "Okipasyon Ameriken nan Ayiti ak konsekans li yo."
2.-Gloria Anzaldúa	<input type="checkbox"/> Li te yon gwo lidè bolivyen. Pou aprann plis sou lavi li ou ta dwe li: "Si yo pèmèt mwen pale ..."
3.-Aura Cumes	<input type="checkbox"/> Li te fèt Ozetazini. Pami piblikasyon prensipal li yo se: Pon sa a, do mwen: vwa fanm Tyè-Monn yo nan Etazini.
4.-Suzy Castor	<input type="checkbox"/> Aura Cumes Simón se yon chèchè Maya-Kaqchikel ak pwofesè ki soti nan Gwatemala. Pami lide prensipal li yo se kesyone nan "patriyaka zansèt la."

AYITI PA FORÈ

Manno Charlemagne

Sa w kwè k fè m ti Jòzèf ?
Jodi w ap anmègde mwen.
Non m sèvi on tablati,
Pou do m sèvi on maleng
Ke w ap pase men sou li.
Sa k fè m pa reyisi,
Tankou konpè mimi,
M pa t gen bon pwofesè,
Ki pou te montre m koulè,
Ki pou te kab fè m wè klè.
Se yon verite:



Ak dendepans nou antere.
E se sa ki fè nou dan lavi
N ap mande en hen.
Si Ayiti pa forè,
Ou jwenn tout bèt ladan l.
Ou jwenn lyon, ou jwenn tig,
Ou jwenn chat, ou jwenn rat,
Ou jwenn jwenn menm leyopa.
Ki leyopa souple ?
On bann fov mal maske.
Si gen nenpòt ti bri,
Ti bri tankou la tòti,
Leyopa ap pran kouri wi.

Lò w fè sa ma pè w,
Paske w se makout
Ou konprann ou kab kraonnen mwen.
Ou rale ouzi w la,
Mwen rilaks sou ou;
Ou rale baton gayak la,
Mwen bikoul sou ou.
Se vre tonnè !
Men lò w fè sa ma pè w,
Paske w se makout
Ou konprann ou ka kraonnen mwen.
Ou rale wouzi w la,
Mwen rilaks sou ou;
Ou rale baton gayak la,
Mwen bikoul sou ou.
Tonnè krazem !
Michelle Benett, I am sorry for you !
Se lan videyo wa gade pèp ayisyen.
Ou voye papa w al achte 3 bonm
Pou vin bonbade lajenès an Ayiti
Ki deklare ke dechoukay la poko fini,
Konsèy gouvènman chaje tonton makout.
Dechoukay la poko fini,
Konsèy gouvènman gen regala ladan l.
Dechoukay la poko fini,
Konsèy gouvènman gen twòp vòlè ladan l.



Men lò w fè sa ma pè w.
Paske w se makout
Ou konprann ou kab kraonnen mwen.
Ou rale ouzi w la,
Mwen rilaks sou ou;
Ou rale baton gayak la,
Mwen bikoul sou.

(x3)



VOKABILÈ



MOUVMAN POPILE- MOVIMIENTO POPULAR

Organización social - Òganizasyon sosyal	Burocracia - Biwokrasi
Resistencia - Rezistans	Ciudadanía - Sitwayènte
Manifestación - Manifestasyon	Conflicto armado - Konfli ame
Colectivo - Kolektif	Violencia simbólica - Vyolans senbolik
Reunión - Reyinyon	Participación - Patisipasyon
Comité de trabajo - Komite travay	Representatividad - Repezantativite
Ejes de acción - Aks aksyon	Movimiento urbano - Mouvman lavil
Acción Popular - Aksyon Popilè	Territorio - Teritwa
Tradiciones Populares - Tradisyon Popilè	Feminismo - Feminis
Pueblos originarios - Pèp endijèn	Pueblo - Pèp
Lengua materna - Lang manman	Movimiento estudiantil - Mouvman etidyan
Multicultural - Miltikiltirèl brasaj kiltirèl	

PWOJÈ MIN- PROYECTOS EXTRACTIVOS

Extractivismo- Ekstraktivis	Impacto ambiental-Enpak anviwònmantal
Proyecto de muerte- Pwojè lanmò	Minería artesanal- Min atizanal
Recursos minerales- Resous Mineral	Minería a gran escala-Gwo min
Depósitos minerales- Depo Mineral	Contaminación- Polisyon / kontaminasyon
Concesión- Konsesyon	Minerales- Mineral
Explorar o minar- Eksplòre oswa mine	Metales-Metal

SISTÈM DOMINASYON- SISTEMA DE DOMINACIÓN

Sistema económico - Sistèm ekonomik	Discriminación étnica, racial - Diskriminasyon etnik, rasyal
Sociedad Neoliberal - Sosyete neyoliberal	Política de Estado - Politik leta
Capitalismo - Kapitalis	Cárcel - Prizon
Imperialismo - Enperyalis	Producción - Pwodiksyon
Capitalismo de Estado - Kapitalis leta	Modernización - Modènzasyon
